ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

МАГИСТРАТУРА БӨЛИМИ

ЖУРНАЛИСТИКА КАФЕДРАСЫ

Журналистика қәнигелигиниң питкериўшиси
АРЗИЕВ РУСЛАННЫҢ

# Тема: «Қарақалпақстан баспасөзиниң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан» (1920-1930жж) деген атамадағы

## Магистрлик диссертация жумысы

**Илимий басшысы:** **Д. БЕКБАЎЛИЕВ**
**Тарийх илимлериниң кандидаты, доцент**

**Нөкис - 2012**

**МАЗМУНЫ**

**Кирисиў**

**I Бап. ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА БАСПАСӨЗДИҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ТАРИЙХЫ**

**1.1 Рус тилинде газета шығарыў мәселеси**

**1.2 Миллий баспасөзимиздиң шөлкемлестирилиўи**

**1.3 Районлық газеталардың шөлкемлестирилиўи**

**II Бап. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БАСПА СӨЗИНИҢ ТЕМАТИКАЛЫҚ РАЎАЖЛАНЫЎЫ**

**2.1 Жәмийетлик-сиясий мәселелердиң баспа сөзде сәўлелениўи**

**2.2 Баспа сөзде жанрлық жетилисиў мәселеси**

**а) фельетонлар**

**б) очерклер**

**Жуўмақлаў**

**Пайдаланылған әдебиятлар дизими**

# Кирисиў

Бүгин цивилизацияласқан дүнья жәмийетинде журналистика төртинши ҳәкимият дәрежесинде жүргизиледи. Себеби, журналистиканың тийкарғы буўынлары болған баспасөз, телевидение, радио ҳәм интернет журналистикасы жәмийетшилик пикирин қәлиплестириўде ҳәм раўажландырыўда ең тәсирли ҳәмде нәтийжели қурал болып есапланады. Әлбетте, демократиялық жәмийетимизде журналистика еркинлик хызметин нызам тийкарында әмелге асырыўы лазым. Сонлықтанда Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының Конститутцияларында «Ғалаба хабар қураллары еркин ҳәм нызамға муўапық ҳәрекет етеди. Олар дурыслығы ушын бейимлескен тәртипте жуўап береди. Цензураға жол қойылмайды» – деп көрсетилип өтилген.

Ғәрезсизлик дәўириндеги Қарақалпақстан баспасөзиниң орны жаңа идеялардың қәлиплесиўинде көринеди. Миллий ғәрезсизлик идеологиясы, руўхый ағартыўшылық түсиниклериниң түп мәнисин аңлаў ҳәм оны кең жәмийетшиликке жеткериў миллий баспасөзимиздиң тийкарғы ўазыйпаларына айланды. Бул ўазыйпаны орынлаўда журналистлик ҳәм публицистикалық материаллар үлкен роль ойнайды.

Ғалаба хабар қураллары жәмийетшиликтиң санасын жетилистириўде мәмлекеттиң келешегин тәмийинлейтуғын идеяларды енгизиўде ҳәм түсиндириўде үлкен әҳмийетке ийе есапланады.

Сонлықтан көрнекли алым, профессор Ф.А. Мўминов «Журналистика жәмийетлик институт»[1]–деп айрықша атап көрсетеди.

Журналистика – оператив хызмет. Журналистлик шығармалар көлеми жағынан жүдә үлкен болмайды. Мәселен, ең үлкен журналистлик материал 5-6 бет болыўы мүмкин. Әдетте, 1-2 бетлик шығармалар журналистика өними, оның белгили бир жанры есапланады.

## Теманың актуаллығы

---

[1] Муминов Ф.А. Журналистика ижтимоий институт сифатида – Т.Университет 1998 й

Жәмийетти демократиялық тәризде жаңалаўда ғалаба хабар қуралларының, соның ишинде баспа сөздиң әҳмийети айрықша орын тутады.

Қарақалпақстанда баспа сөздиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхы бойынша Я.Досумов, А.Панабергенов, И.Семенов, У.Суинов, Г.Досымбетов, О.Юсупов[2] ҳәм басқа да алымлардың илимий мийнетлери, мақалалары жәрияланған.

Деген менен, Қарақалпақстан баспа сөзи тарийхы бойынша, әсиресе, ХХ әсирдиң 20-30-жыллар баспа сөзимиздиң қәлиплесиўине байланыслы арнаўлы түрде илимий изертлеў жумыслары жүргизилмеген. Бул бизиң магистрлик диссертация жумысымыздың актуаллығын көрсетеди.

**Магистрлик диссертация жумысымыздың мақсети ҳәм ўазыйпалары**

Қарақалпақстан баспасөзиниң тарийқый раўажланыўын ҳәм қәлиплесиў дәўирин үйрениўде, белгили жуўмаққа келиў ҳәм де теориялық тийкарынан бериў магистрлик диссертация жумысымыздың ең тийкарғы мақсети болып табылады. Сондай-ақ, сол жыллар дәўири Қарақалпақстан баспасөзиниң жанрларының пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўин анықлаў да изертлеў жумысымыздың тийкарғы мақсетлеринен бири болып есапланады.

**Илимий жаңалығы**

Магистрлик диссертация жумысымыздың илимий жаңалығы Қарақалпақстан баспасөзиниң 1920-1930-жыллардағы тарийхы, миллий баспасөзимиздиң қалиплесиўиниң өзгешелиги ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана» газеталары мысалында дәслепки мәртебе үйренилип, улыўмаластырылған илимий жуўмақлар шығарылыўы менен белгиленеди.

---

W Досумов Я. «Очерки истории Каракалпакской АССР» (1917-1927г.). Изд-во Академ наук УзССР, Ташкент-1960г. Панабергенов А. «Партийная организация каракалпакии в барьбе за осуществление культурной революции» (1917-1941г.), Нукус-Самарканд—1969г. Семенов И. «О зарождении Каракалпакской Советской печати», «Вестник Каракалпакского фил. Академ. наук УзССР» 1971 г, Қ4 стр-31-62. Суинов У. «Первая из газет Амударьинсеой области», «Вестник Каракалпакского фил. Академ. наук УзССР» —1963г. Қ3 стр 98-99, Досымбетов Г., Юсупов О. «Қарақалпақстан баспа сөзи пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан», Нөкис «Қарақалпақстан» 1991ж.

**Изертлеў объекти ҳәм предмети.**

Жумыстың объекти тийкарынан 1920-1930-жыллардағы жарық көрген Қарақалпақстан баспасөзи, анығырағы республикамыздың ең жетекши басылымлары есапланған ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана» газеталары болып есапланады.

Изертлеўдиң предмети сыпатында жоқарыда атлары санап өтилген газеталардағы 1920-1930-жыллардағы газета материалларындағы жәрияланған ҳәр қыйлы жанрлардағы мақалалар үйренилди. Атап айтқанда Д.Назбергенов, Ж.Аймурзаев, А.Бегимов, И.Фазылов ҳәм басқада журналистлердиң, жазыўшылардың шығармалары илимий-теориялық жақтан анализ етиледи.

**Теориялық ҳәм әмелий әҳмийети.**

Магистрлик диссертация жумысымыз Қарақалпақстан баспасөзиниң мәселелерин тарийхый-теориялық жақтан изертлеўде мәлим дәрежеде көмекши қурал сыпатында хызмет етеди. Соның менен бирге сол дәўирдеги шығармалардың берилиў өзгешелигин үйрениў де теориялық әхмийетке ийе.

Изертлеў тийкарында шығарылған жуўмақлардан журналистика ҳәм филология қәнигелигиниң излениўшилери, студентлер ҳәм тараў қәнигелери пайдаланыўы мүмкин.

**Илимий жумыстың теориялық ҳәм методологиялық тийкары**. Үйренилип атырған теманың методологиялық тийкары сыпатында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан республикаларының конститутцияларынан[3] Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Кәримовтың мийнетлеринде илгери сүрилген пикирлеринен[4] ҳәм елимзде қабыл етилген ғалаба хабар қуралларына, журналистлик кәсипке арналып шығарылған нызамларынан пайдаландық.

---

[3] Өзбекстан Республикасының Конститутциясы –Т: Ўзбекистон 2001. Қарақалпақстан Республикасының конститутциясы – Н: Қарақалпақстан 1993 ж.

[4] Каримов И.А. Жоқары манаўият – жеңилмес күш – Т: Маънавият 2008. Ўзбекситон 1996. ҳ.т.б

Қәнигелик жумыстың теориялық тийкары сыпатында М.Нурмухаммедов, О.Юсупов, Г.Досымбетов, Д.Бекбаўлиев[5] ҳәм тағыда басқа алымлардың мийнетлеринен пайдаландық.

**Жумыстың структуралық дүзилиси.**

Магистрлик диссертация жумысымыздың дүзилиси кирисиў, еки бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

5 Нурмухаммедов М.К. «Шығармалары II том», Нөкис «Қарақалпақстан», 1985ж. Досымбетов Г., Юсупов О. «Қарақалпақстан баспа сөзи пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан», Нөкис «Қарақалпақстан» 1991ж. Д.Бекбаўлиев Мен редакциядан –Н: Қарақалпақстан 1994.

Өзбекстан журналистикасында баспа сөз тарийхы бойынша Т.Эрназаров, А.Акбаров, Н.Абдуазизова, Т.Пидаев, А.Агеев, М.Латипова[6] сыяқлы алымлардың илимий ислери, монографиялары жарық көрген. Ҳәмде булл тийкарда бирнеше илимий изертлеў жумыслары алып барылған. Ал, Қарақалпақстан баспасөзиниң тарийхына байланыслы илимий изертлеў жумыслары еле толық дәрежеде изертленбеген.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Кәримов «Туркистан» газетасы корреспондентиниң сораўларына берген жуўапларында кеңес ҳәкимияты дәўирине мүнәсибет билдирер екен: «Биз усы ўақытқа шекем көбирек ески дүзимди критикалаў ҳәм оны инкар етиў менен бәнт болдық. Әлбетте, басымыздан кеширген қыйын ҳәм турмыстың пүткил қыйынлығын аңлап жетиў, жолымызды туўры белгилеп алыў ушын ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларында бул биз ушын әлбетте зәрүр еди. Лекин, тек өтмишти инкар етиў менен узаққа барып болмайды. Соның ушын бүгин биз ата-бабаларымызға олардың өтмишине ҳәр қыйлы реңлер менен ажыратып баҳа бермеслигимиз керек, бәлким олардың турмысын, олар жасаған дәўирдиң орнын туўры түсиниўге ҳәрекет қылыўымыз зәрүр»[7] — деп көрсеткен еди.

«Өзимизге мәлим, — деди елимиздиң Президенти И.А.Кәримов, — Кеңес ҳүкимети заманында тарийхый ҳақыйқатлықты билиўге умтылыў қуўатланбайтуғын еди, үстем идеологияға хызмет қылмайтуғын дереклер илажы болғанынша халықтың көзинен жасырын сақланар еди. Енди ғәрезсизликтиң нәтийжесинде ғалаба анықланып атырған тарийхый ҳақыйқатлықты билиўге, өзлигин аңлаўға ықлас пенен умтылыўшылықтың себеплери мине усындай деп ойлайман».

---

6 Эрназаров Т., Акбаров А. «История печати Узбекистана» (1925-1952гг.) Ташкент «Ўқитувчи», 1977 г. Абдуазизова Н. «Туркистон матбуоти тарихи» Ташкент «Академия», 2000 й. Пидаев Т. «Ўзбекистон матбуотининг ўтмиши ва келажаги» «Ўзбекистон матбуоти» журнали 1996 й. Қ2 42-44-б. Агеев А., Латипова М. «Национальная периодическая печать Узбекистана» (1917-1939 гг.) Библиотека им. А.Навои, Ташкент, 1947г

7 Каримов И.А. «Ўз келажагамизни үз қўлимиз билан қурмоқдамиз». II, «Туркистон», 1999, 2-февраль

Бул тарийхый ҳүжжетлер негизинде қупыя сақланып келген архив есиклери ашылды. Онда сақланған тарийхый 1996-жылы 19-июнь күни Ташкент қаласында Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Тарийх Институты қәнигелестирилген кеңесинде Хайдарали Узақов «Өзбекстанда мустақыллық ушын гүрес. 1900-1940-жыллар Журналистлер искерлиги мысалында» деген темада тарийх илимлериниң докторы илимий дәрежесин алыў ушын докторлық диссертация қорғады[8]. 1920-1930-жыллары басылып турған «Тараққий», «Кенгаш», «Осиё», «Турон», «Ойна», «Садои Туркистон», «Улуғ Туркистон» газеталары терең үйренилип шығылды. Өзбекстан бойынша 196 журналисттиң репрессияға ушырағаны жазылды.

Бул бойынша Қарақалпақстан баспасөзи тарийхын изертлеген тарийхшы О.Юсуповтың мийнетлеринде журналистлер искерлиги, олардың репрессияға ушыраған себеплери терең сәўлеленген[9].

Қ.Байниязовтың мийнетлеринде болса, 1920-1930-жыллар журналистлери С.Мажитов, Т.Сафиев, И.Фазылов, Я.Якупов, П.Сейтмуратов, О.Кожуровлардың пидәкерлик искерлиги сөз етиледи[10].

Тарийхый сана — бул өтмишке қатнасты билдиреди, бизиң көз-қарасымызды бүгинги күнниң талабынан байланыстырады. Қарақалпақстанның жақын өтмиштеги тарийхын баҳалаў — келешектеги жәмийетлик сананың бир бөлеги.

Ҳәзирги ўақытта миллий ғәрезсизлик идеологиясы талапларынан келип шығып, баспасөзимиз тарийхы ҳәм журналистикамыз алдында изертлениўи лазым болған төмендеги ўазыйпалар турыпты деп ойлаймыз.

Бириншиден, ҳәзирги заман талабына жуўап беретуғын жоқары дәрежели билимге ийе журналистлер таярлаў ушын жасларымыз ең әўели

8. Узоқов Х. «Ўзбекистонда мустакиллик учун кураш. 1900-1940-йиллар. Журналистлар фаолияти мисолида». Тарих фан.док.диссертацияси автореферати. Ташкент, 1996.

9 Жумашев Х., Юсупов О. «Каракалпакская книга Библиографический сборник». (1928-1978гг.) Нукус «Каракалпакстан» 1986 г

10 Байниязов Қ. «Таң жулдызлары. әжайып адамлардың өмири». Нөкис «Қарақалпақстан», 1989-ж.

өтмишимизди, баспа сөзимиз, журналистикамыз тарийхын билиўи зәрүр. Соның ушын ХХ әсир басларынан ғәрезсизлик жылларына шекемги «Қарақалпақстан журналистикасы тарийхы», «Қарақалпақстан баспасөзи тарийхы» атамасындағы сабақлық яки оқыў қолланбаларын таярланыўы керек.

Екиншиден, 1920-1930-жылларға шекемги аралық ишинде баспа сөзимизде жемисли мийнет еткен журналист ағаларымыз ҳәм апаларымыздың мийнетлерин өз алдына китап қылып шығарыў ҳәм оны жәмийетлишигимизге усыныў керек. Себеби, олар сол дәўирдиң тил лексикасын, баспасөз тилин, баспасөз методикасын жақсы меңгерген. Бул нәрсе сол дәўир әдебий тилимиз тарийхын ҳәр тәреплеме билип алыўымызға, журналистлик таллаў жасаўымызға әмелий жәрдем көрсеткен болар еди.

Үшиншиден, 1920-1930-жыллары журналистика тарийхы бойынша жаңа архив ҳүжжетлерин илимий айланысқа түсириў заманагөй мәселелерге киреди. Себеби, сол дәўирдеги газета редакциялары аўыл хабаршыларының, қәлем тербеткен журналистлер ҳаққында, олардың өмир жолы бойынша мағлыўматлар топлап, олар ҳаққында баспа сөзимизде мақалалар жәриялаў лазым. Және де, бизге белгили Т.Пайзуллаева, М.Ниязова, Г.Матёқубовалардың 1986-жылы Ташкентте баспадан шығарған «Қорақалпоғистон АССР матбуоти»(1917-1975йй) библиографиялық көрсеткиш деген баспа сөзимизге байланыслы жалғыз библиографиялық китап бар. Және бир мәселе соннан ибарат Қарақалпақ баспа сөзиниң ғәрезсизлик жылларындағы, ғәрезсизлигимизден бурынғы жылларда жарық көрген газета-журналларымыз бойынша кең көлемде библиографиялық көрсеткиш ислеп шығыў тийис деп ойлаймыз.

## I Бап. ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА БАСПАСӨЗДИҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ТАРИЙХЫ

### 1.1 РУС ТИЛИНДЕ ГАЗЕТА ШЫҒАРЫЎ МӘСЕЛЕСИ

1918-жылдың апрелинде бурынғы Аўқам қурамында Түркистан Республикасы дүзилген еди. Түркистан Республикасына дәрьяның оң тәрепиндеги қарақалпақлар да киретуғын ҳәм булар Әмиўдәрья бөлими деп аталатуғын еди. 1920-жылдың декабринде Әмиўдәрья бөлими Әмиўдәрья областы болып қайта дүзилди.

1918-жылы 11-июнь күни Ташкент қаласында Түркистан Республикасы журналистлериниң кәсиплик аўқамы дүзилди. Үлкеде «Наша газета», «Известия», «Туркестанская правда», «Иштирокиун», «Қызыл байрақ», «Туркистон», «Красный фронт» ҳәм тағы басқа газеталар басылып шығып турды. Оларда дәслепки журналистлер Н.Төреқулов, Т.Рысқулов, Б.Дадабаев, И.Хыдыралиев, К.Атабаев, А.Рахимбаев, И.Хакимбаев, М.Юлдошкориев, Л.Алими, Н.Еникеев, У.Эмонхужаев ҳәм басқалар өзлериниң мақалалары менен белсене қатнасты.[11]

1919-жылдың июнинде Түрткүлде адамлар арасында саўатсызлықты сапластырыў бойынша 40 адамды қамтыған курслар ашылды, сондай-ақ 24 адамлық муғаллимлер курсы ашылды. Муғаллим кадрларын таярлаўды тезлетиў ушын Хийўада үш айлық курслар шөлкемлестирилди. Оларда дәслепки қарақалпақ муғаллимлери ҳәм журналистлери Ислам Бабажанов, Қарабай Ерманов, Рахим Мажитов, Узақбай Нуржанов таярлықтан өтти.

Түркистан Республикасы Әмиўдәрья бөлиминде 1919-жылдың июнь айында Әмиўдәрья бөлими Атқарыў комитетиниң органы есапланған «Известия» газетасы шөлкемлестириледи ҳәм онда И.Брикман,

---

11. Қошанов Б.А., Асеметдинов М.Н. «Қарақалпақстан журналистлери репрессия жылларында». Нөкис-2009ж., 7-б.

И.Косьяненко, П.Барановскийлер өзлериниң публицистикалық материаллары менен қатнасты.[12]

Бул газета ҳәзирги «Вести Каракалпакстана» газетасының тийкарын қурады деп толық айта аламыз.

Ал, 1921-жылы сентябрьде Әмиўдәрья областлық атқарыў комитетиниң қарарына тийкарлана Төрткүл қаласында «Красный амударьинец» газетасы шөлкемлестириледи ҳәм ол 1922-жылы «Амударьинская жизнь» болып атамасы өзгереди.[13]

1923-жылы 28-январь күнинен 1924-жылдың ақырына шекем Төрткүлде өзбек тилинде «Дехкан тауши» атамасында газета шығарылды.

1924-жылы Хийўа қаласында болса Хорезм Республикасы Назирлер Кеңеси органы болған «Инқилоб қуяшы» газетасы шыға баслаған. Ал, Хорезм Республикасы қурамындағы Қазақ-Қарақалпақ автономиялы областында болса қазақ тилинде «Ақ жол» газетасы баспадан шығып турған.

Сондай-ақ, саўатсызлықты сапластырыў бойынша «Ликбез» деп аталыўшы мектеплер ашылды. Қарақалпақстанда бирinши ликбез 1919-жылы ашылады. Онда 1769 дийханлар билим алады. Ал, 1930-жылға келип, ликбезлердиң саны 170 ге жетеди. Онда 10712 дийқан билим алады. Ал, 1932-жылы ликбезлерлердиң саны 224 ге жетип, онда 25111 дийқанлар оқып, тәлим алады.

1921-жылы «Түркистан Республикасы Әмиўдәрья областы партия ҳәм совет шөлкемлерин тексериў комиссиясы» баслығы О.Лацис ҳәм комиссия ағзасы В.Лебедев область халқының мәдений дәрежеси ҳәм газеталары жөнинде төмендегилерди тастыйықлады «Сырттан газеталар менен әдебиятлар алып келинбейтуғыны, типография ислемейтуғыны нәтийжесинде область халқының ҳәм Төрткүл қаласының мәдений турмысы

[12] Семенов И.А. «О зарождении Каракалпакской советской печати». «Вестник Каракалпакского фил. Академ. наук УзССР» 1971 г. Қ4, стр-61-62.

[13] Досумов Я.М. «Очерки истории Кара-Калпакской АССР» (1917-1927 гг.) Ташкент, изд-во Академ. наук УзССР, 1960, стр-294.

ҳаққында унамсыз пикир туўылыўы мүмкин. Область басшыларының ишинде тек И.Макаев мусылман тилин биледи. Төрткүлдеги типографияны мусылман шрифти менен тәмийинлеп, ҳәптелик газета шығарыўды жолға қойыў керек»[14].

Деген менен, 1921-1923-жыллары қарақалпақ тилинде газета шығарыў жумысы қолға алынбады.

Совет мәмлекетлик аппаратын буннан былай да раўажландырыўда, оның отырықшы халықтың кең массасы менен байланысын беккемлеўде Түркстан Орайлық Атқарыў комитети менен Түркстан АССРы Халық комиссарлар Кеңесиниң 1923-жыл 29-августтағы «Кеңес мәкемелеринде ис жүргизиўди жергиликли тиллерде әмелге асырыўға тезлик пенен өткериў бойынша илажлар ҳаққында»ғы қарары әҳмийетли роль ойнады. Соған тийкарланып мәмлекетлик органлардың барлық декретлери менен қарарлары республиканың тийкарғы миллетлериниң тиллеринде басып шығарылыўы, ал, волостьлық, қышлақлық ҳәм аўыллық атқарыў комитетлериндеги ис қағазларын жүргизиў тек жергиликли тиллерде ғана әмелге асырылыўы тийис болды. Уездлик, областьлық ҳәм орайлық органларында жергиликли тиллер менен рус тилинде теңдей ис жүргизиў енгизилди.[15]

Әмиўдәрья областы ҳәкимиятының 1923-жыл октябрьдеги кеңесинде волостьлар, аўыллар, қыщлақлар менен отырықшы халықтың тилинде қарым-қатнас жасаўдың әҳмийети атап көрсетилди. Кеңес төменги совет аппараты ушын хаткерлер таярлаў бойынша қысқа мүддетли курслар ашыўдың зәрүрлигин көрсетти. 1924-жылы 19-февральда областьлық партия комитетиниң бюросы өз мәжлисинде «Мәкемелердеги ис жүргизиўди жергиликли тиллерде әмелге асырыў ҳаққында» мәселе қарады ҳәм областлық ревкомға арнаўлы комиссия дүзип, оған ис жүргизиўди

[14] Қошанов Б.А., Асеметдинов М.Н. «Қарақалпақстан журналистлери репрессия жылларында». Нөкис 2009, 8-б.

[15] «Қарақалпақстан жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем». Нөкис «Қарақалпақстан», 2003ж. 290-бет.

жергиликли тиллерде әмелге асырыўға өткериў ҳәм жергиликли отырықшы халықлардың ўәкиллеринен хызметкерлер таярлаў бойынша жумыстың улыўма жобасын ислеп шығыўды тапсырыў усыныс етилди.

«Әмиўдәрья ўәлаятының Түркистан Республикасының басқа ўәлаятларына салыстырмалы түрде жағдайы жүдә төмен еди, — деп Әмиўдәрья ўәлаяты Атқарыў Комитети басшыларының бири М.Бальджанов Ташкентке жазады, — Түркистан Республикасының басқа ўәлаятлары Орай менен темир жол арқалы турақлы түрде байланыста болса, жақсы географиялық орынды ийелеген болса, күшли раўажланған санааты болса, булардың барлығы Әмиўдәрья ўәлаятында жоқ еди. Орайдан дым алыслығы, телеграфтың жаман ислеўи, тәбийий түрде экономикалық қүдиретин тоқтатыўға алып келди. Әмиўдәрья ўәлаяты сөздиң толық мәнисинде тек өзи жасап атырыпты, аўыл хожалығы өнимлерин сыртқа шығарыўға мүмкиншилиги жоқ. Қоңсы Хорезм Республикасы да Әмиўдәрья ўәлаятындай төмен жағдайда қалды.

Әмиўдәрья ўәлаятында дәслепки журналистлер Әбиў Қудабаев ҳәм Ибрайым Бекимбетовлардың миллий мәмлекетликти тиклеўдеги үгит-нәсият жумысы Аяпберген Муўсаевтың «Бола баслады» қосығында төмендегише тәрийипленеди:

Еркинлик ҳаўазы әлемге түсти,
Еситкенди қарақалпақтың пуш-пушты,
Сол күнлери еки ғашық жетисти,
Бул — Ибрайым, Әбиў бола баслады.[16]

Аяпберген Муўсаев «Бола баслады» қосығында Хорезм ҳәм Әмиўдәрья ўәлаятында миллий мәмлекетликти тиклеў ушын гүрескен журналист Ораз Ермановтың айрықша хызметлерин ҳәм оның Сейфулғабит Мажитов пенен бирге ислескени, екеўиниң де халық алдында уллы хызметлери бар екенлиги,

[16] Муўсаев А. «Шығармалары», Нөкис, 1981ж., 36-б

олардың газета шөлкемлестириў ислеринде белсендилиги туўралы төмендеги қатарлардан белгили:

Сөз еситиң Ораз, Сейфулғабиттен,
Бурыннан ис көрген гөне заводтан,
Ташкент үлкесинде уллы ис тутқан,
Газит басып, тил шығара баслады.

Дәслепки журналистлерден Аллаяр Досназаров, Ораз Ерманов, Ибрайым Бекимбетовлердиң пидәкерлик искерлиги төмендеги қатарлардан белгили:

Аллаҳыяр, Ораз және Ибрайым,
Буларды дус еткен қәдир қудайым,
Сол Мәскеўден алып миллеттиң жайын,
Гүлли ықтыяр болып келе баслады.

Қарақалпақ халқының даңқлы перзентлери Аллаяр Досназаров, Әбиў Қудабаев, Қасым Әўезов, Ораз Ерманов, Ибрайым Бекимбетов, Меңлихожа Ибнимианов ҳәм басқалар миллий мәмлекетликти қайта тиклеўге салмақлы үлеслерин қосты.

## 1.2. МИЛЛИЙ БАСПА СӨЗИМИЗДИҢ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЛИЎИ

1923-жылы октябрь айындағы IV пүткил Хорезм қурылтайында Хорезм халық Совет Республикасы қурамында Қазақ-Қарақалпақ ҳәм Түркмен автономиялы ўәлаятлары дүзилди. Қазақ-Қарақалпақ автономиялы ўәлаятының орайы Хожели қаласы болды. Ўәлаят қурамында 4 болыслық — Қоңырат, Гөне Үргениш, Шоманай, Хожели ҳәм 40 тан аслам ақсақаллықлар болды. Бул жыллары Қазақ-Қарақалпақ автоном ўәлаятының тийкарғы халқы қарақалпақлар, қазақлар ҳәм түркменлер болды.

1924-жылдың 14-октябринде миллий мәмлекетлик шегаралаў М.И.Калининниң басшылығында басқарылған бурынғы СССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң екинши сессиясында додаланды. Сессияда А.Досназаров сөз сөйледи.[17] Ол өзиниң сөзинде қарақалпақ халқының турмысын, сиясий ҳәм экономикалық жақтан төмен раўажланып атырғанын, тийисли орынлардың оған кеўил бөлмей атырғанлықларын тартынбастан айтып, келешекте бул халыққа үлкен дыққатлар аўдарылып жәрдем кереклигине ҳәмmениң дыққатын аўдарады. «Сессияда сөйлеген сөзинен оның соншама мәселелерди ашық ҳәм күйип-жанып айтқанынан үлкен үмитлер күтетуғынын сезиўге болады. Қарақалпақ халқы қалай жасап, қалай күн көрип атыр, — деп биреўлер қызығады. Бул халық ҳаққында бир жерлерде усындай сораўлар қойылады, деген бизде усы ўақытқа шекем исеним болмады, Ал, негизинде ол мәселелер қойылыўы керек ҳәм соралыўы лазым. Бирақ, ендигиден былай совет властының орнаўы менен миллетлердиң өзин-өзи белгилеўи, өзине-өзи хожайын екени ҳәм экономикалық ғәрезсизлиги болады деген бизлерде исеним бар. Әсиресе,

[17] Байниязов Қ. «Аллаяр Досназаров» (Илимий-биографиялық очерк), Нөкис «Қарақалпақстан», 1991, 23-бет.

киши халықларға ҳәм олардың раўажланыўына кеўил бөлинсе, онда бизиң көп миллетли мәмлекетимиз беккемленеди»[18]-деп келтирип өткен еди.

Қарақалпақ халқының миллий мәмлекетшилиги 1924-жылы тикленгеннен кейин қарақалпақ елине баспа сөз ҳәм радио жүдә зәрүрли еди. Себеби, Кеңес Ҳүкиметиниң партия ҳәм профсоюз шөлкемлериниң қарарларын халыққа баспа сөз түринде таратыў халықтың сиясий белсендилигин оятыў мәдений өсиўшилигин және де раўажландырыўда, елимиздеги улыўма халық аралық хабарларды кең журтымызға жеткериў ушын қарақалпақ тилинде газета шығарыў зәрүр ҳәм керекли болды.

Қарақалпақ областьлық партия комитетиниң шөлкемлестириў бюросының 1924-жылы 23-ноябрьде болған мәжлисинде «Қарақалпақ Автономиялы областының газетасын шығарыў ҳаққында» Адинаев Қалендердиң баянаты тыңланады. Соңында төмендегише қарар қабыл етеди:

1) Қарақалпақ тилинде ҳәптелик газета шығарыў зәрүрли деп табылсын.

2) Газета қарақалпақ обкомы, ҚҚАО ревкомы ҳәм Қарақалпақ комсомолының органы деп танылсын, газета «Батрақлар ҳақыйқаты» («Батракская правда») атамасында шығарылсын.

3) Әўезов Қ., Қудабаев Ә. ҳәм Насруллаев қурамында редакциялық комиссия дүзилсин. Оларға биринши номерли газетаны 1924-жылы 1-декабрьге шығарыў усыныс етилсин.[19]

Партиялық қарар асығыс ҳәм шала болғаны мәлим болды. Себеби, Қарақалпақ Автономиялы Областының туңғыш газетасы 1-декабрьге ҳәм «Батрақлар ҳақыйқаты» атамасында шыққан емес. Сонлықтан сол партиялық қарарға қарсы жәмийетлик шөлкемлер, алдыңғы интеллигенция

---

[18] Джумашев А. «Председатели Каракалпакского правительства». «Вестник ККОАНРУз», 1998, Қ6, 106-108-бет.

[19] Досымбетов Г., ЮсуповО. «Қарақалпақстан баспасөзи пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан», Нөкис «Қарақалпақстан», 1991, 8-бет.

ўәкиллериниң ой-пикирлери есапқа алынып Қарақалпақ обкомының лидерлери және мәжлис өткерип, елге газета шығарыў мәселесине дыққат бөлди.

Қарақалпақ областьлық партия комитетиниң шөлкемлестириў бюросы 1924-жылы 18-декабрьдеги мәжлисинде және «Баспа сөз ҳаққында»ғы мәселе тыңланды. Аллаяр Досназаровтың усынысы бойынша қарақалпақ газетасының аты «Еркин Қарақалпақ» болсын деп мақулланды. Ревком председатели Әбиў Кудабаевқа қосымша ўазыйпа ретинде «Еркин Қарақалпақ» газетасының жуўаплы редакторы етип бекитилди. Ал, Хожели округлик халық билимлендириў бөлиминиң инспекторы С.Ағайдаровқа «Еркин Қарақалпақ» газетасы редакторының орынбасары ўазыйпасы тапсырылған.

Хожели қаласында шығарылып атырған «Дехқан тауши» газетасы областьлық газета шығыўына байланыслы өз жумысын тоқтатты. Газета типографиясының барлық үскенелери Төрткүл баспаханасына берилди. «Еркин Қарақалпақ» газетасы биринши саны 1924-жылы 31-декабрь күни шығарылды. «Бизиң газетамыздың аҳўалы» атамасындағы бас мақалада «Тарийхта қарақалпақ миллети усы ўақытқа дейин еркин ел болған емес, енди тарийхтағы усы теңсизликти дүзетиў махсетинде биз газетамызға «Еркин Қарақалпақ» деп ат қойдық. «Еркин» сөзи тек ғана барлық қарақалпақлар ушын ғана емес, ал, езилген дийханларға өзиниң ҳадал мийнети менен нан жеп жүрген барлық мийнеткешлерге қаратыла айтылған. Газета солардың кеңесшиси болады. Газета бетинде «Әлипбе» мүйеши ашылды. Муғаллимлер балаларға ең дәслеп Әлипбени усы газетадан оқыта баслады»[20] сыяқлы мағлыўматларды көремиз.

1925-жылы 12-19-февраль күнлери Қарақалпақстан Автономиялы Ўәлаятының биринши шөлкемлестириў Съезди болып өтти. Съезде Қарақалпақстан Автономиялы ўәлаятының дүзилгенлиги ҳаққында

---

[20] Бегжанов Қ., Курбанбаев И., Аббазов С. «Әлипбеден басладық». Нөкис «Қарақалпақстан», 1988, 20-бет.

Декларация дағазаланды. Съездде Қарақалпақстан Автономиялы Ўәлаятының Атқарыў Комитети ҳәм Советлердиң Пүткил Қазақстан V съездине 40 адамнан ибарат делегатлар сайланды. Атқарыў Комитетиниң қурамына А.Досназаров, Ә.Қудабаев, И.Бекимбетов, Қ.Әўезов, Е.Кожуров, Ж.Аташев ҳәм басқалар кирди. 1925-жылы 15-19-апрель күнлери Қызыл Орда қаласында болып өткен пүткил Қазақстан Советлериниң V съезди Қарақалпақстан Автономиялы Ўәлаятын Қазақстан қурамына қабыл етиў ҳаққында қарар шығарды. Бул қарар 1925-жылы 11-майдағы Советлердиң пүткил аўқамлық VII съездинде тастыйықланды. Солай етип, қарақалпақ халқының мәмлекетлиги қайта тикленди.

Қарақалпақстан Автономиялы ўәлаятының аймағы 180 мың кв.км еди. 1926-жылы халықтың есабы алынған мағлыўматқа тийкарлана ўәлаят халқының 38,1% қарақалпақлар, 28,5% қазақлар, 27,6% өзбеклер, 3,2% түркменлер, 2,6% басқа халық ўәкиллери қурады.

Қарақалпақстан Автономиялық ўәлаяты Төрткүл, Шымбай, Хожели ҳәм Қоңырат округлеринен ибарат болды.

«Еркин Қарақалпақ» газетасы 1925-жылдан баслап Қарақалпақ обкомы, Қарақалпақстан Автономиялы Областы Атқарыў Комитети, Областлық профсоюзлар кеңеси, «Қосшы» аўқамының улыўмалық органы деп танылды.

«Еркин Қарақалпақ» газетасы литографиялық усылда басылып шығып, турақлы редакторлар ҳәм саўатлы хызметкерлердиң болмаўы, шрифттиң толық болмаўы, типография үскенелериниң тозғанлығы себепли газета санлары сапасының төменлеп кеткени билдириледи: «Газета аўҳалы қыйын жағдайда, барлық төрт бетке шрифтлер жетиспейди. Дәслеп еки бетке шрифтти таярлап, басып шығарамыз, кейninен сол шрифтлерди алып үшинши ҳәм төртинши бетлерге саламыз». Төрт бетлик 35х55 газета форматы 1930-жылға шекем сақланды.

«Еркин Қарақалпақ» газетасының дәслепки санлары үгит-нәсият характерине ийе болып, областьлық басшы органлардың қарарлары ҳәм хабарлары басылып турды. Дәслепки санлары тили де аралас болып, қарақалпақ, қазақ, өзбек айрым ўақытлары араб-парсы сөзлери де қолланылды. Бул жағдай редакцияға түскен мақалалар ҳәм хатларды қайта ислеп шықпай, баспаға туўрыдан-туўры бергенлигинен мағлыўмат береди. 1925-жылы М.Байменшин редакторлығындағы газета санларында халыққа түсиниксиз сөз дизбеклери көбирек орын алды. Мәселен, нөкисли Абдусалам Ийгиликовтың үй архивинен табылған 1925-жылы 9-июнь күни шыққан «Еркин Қарақалпақ» газетасында «Иқтсадй сиясат күни, ҳудундағы дийқанларнң дйханшлқ етуб турған жйрларина» сыяқлы түсиниксиз сөзлери орын алған.

«Еркин Қарақалпақ» газетасының 1925-жылы 24-апрель күни шыққан 10-санындағы мақалалар мазмуны менен тарийхшы Рашид Ахмедшин «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 1991-жылғы 20-ноябрь күнги санында таныстырып өтеди. «Газетаның биринши бетинде «Шет еллерде» атлы мақаласында «Правда» газетасының 17-марттағы шыққан хабарын жазады. Мине, усы мақаладан үзинди келтирмекшимиз: «Енди Германия бойларының ҳалы болса да мәлим. Олар бинятхорлар синфиниң белгили душпаны болғансаң, оған өкпе жоқ. Ол енди байлар менен мәмиле болып, байлар менен биригип ислейик деп алты жыл удайы менен Германия бинятхорларын алдап келген. Сол бир жақтан өзлери алданып келген мәмлешилердиң иси қыйын. Бийшараларды ойлаў керек».

Усы бетте тағы «Налог ҳаққында, жер-суў ҳаққында» атамасындағы мақала басылған болып, бунда да шарўашылық ҳәм мийнет мәселелери бойынша хабарлайды. Қалжан Ибнаминовтың «Қоңырат жайынан» атлы мақаласында Қоңырат қаласы ҳаққында тәрийплеўлер, оның географиялық жайласыў мүмкиншиликлери ҳаққында жазады.

Ал, газетадағы Марамин Аллақовтың «Матбаа исшилериниң өнерине көз салың» мақаласында: «Бизде нан жоқ, маяна жарым-жарты ҳалымыз

ауыр, тәғдиримиз аспан менен жер арасында турыпты. Ертең бир күн шарўамыз итимал. Штат берген, кредит жоқ, сизлер де тыңлағайсыз» деген тәшўишли забары берилген. «Қуўанышлы қәдем» мақаласында нәзер салар екенбиз Төрткүл шәҳәр клубында 21-март күни жаслар обкомолдың басшылығында жалпы мәжлис өткергенлиги айтылған.

«Сейил туўралы» мақалада еркин қарақалпақ жаслары, өспиримлериниң тарийхында биринши қәдем деп сейилди билиўимиз керек. Обкомолдың биринши сейили бурынғы сейиллерге уқсамайды, деп жазады. Ал, «Ўәлаят матбағасы ҳалынан» мақаласында «Газетаның ҳәптеде бир мәртебе шығарылғаны, Хийўадан алған арабша ҳәриплердиң оқырасы қуўрап, жазылған хаты өшип, қарақалпақ газетасының төрт бетине ҳәриплер жетиспейтуғыны, сол ушын дәслеп газетаның еки бетин шығарып, және ҳәриплерди тақлап және терип, қыйыншылық ҳәм көп ўақытларды сарп етип газета шығаратуғыны билдирилген. Бул истиң беректи көринбейди. Тез шарасы көрилсе екен», — дейди Матбағатшы М.Атажанов өз мақаласында.[21]

«Еркин Қарақалпақ» газетасы 1927-жылы 15-октябрь күни толық қәлиплесип болды, — деп тастыйықлайды усы газетаның жуўаплы хаткери К.Назаралин, 1928-жылы 18-февраль күнги баянламасында. —Газетаға жазылыўшылар саны көбейди, редакция аппараты тастыйықланды. 1927-жылы 6-декабрь күни Қарақалпақ Автономиялы областы Атқарыў Комитети газетаны басып шығарыў сметасын тастыйықлайды ҳәм оны ҳәптесине еки мәртебе 2500 тираж бенен шығарыў белгиленеди.[22]

Газета мазмуны 1927-жылы 30-октябрь күни Қазақстан үлкелик партия комитети жиберген П.И.Варламов Қарақалпақстан партия шөлкемине басшылық ете баслаған ўақыттан баслап кескин өзгерди.

---

[21] «Еркин Қарақалпақстан» газ. 1991-жыл, 20-ноябрь саны.

[22] Қощанов Б.А., Асеметдинов М.Н. «Қарақалпақстан журналистлери репрессия жылларында». Нөкис, 2009-жыл, 18-19-бетлер.

1927-1928-жыллары жаңалық енгизилип, қышлақ ҳәм аўылға «класслық гүрес» сиясаты кирип келди. Батрак, кәмбағал, орта дийханларды совет миллий қурылысына тартыў мәселеси күн тәртибине қойыла баслады.

П.Варламов басшылығында ағым менен кете бермей, бай-ийшанларды, байларды еркине қоя бермей, кемишиликлерди жасыра бермей, барлық шөлкемлерди тазалаў, аўыллардағы бай-ийшанларға кең түрде атланысқа өтиў бағдары басланды.

1928-жылғы бәҳәрдеги компания барысында Орайдан келген комиссарлар Қарақалпақстан областы шөлкемлеринде төменнен жоқарыға шекем өзиниң қурамы, белсендилиги, абыройы бойынша класслық гүрес ўазыйпаларын шеше алмайтуғынын билди. Усы жылы партия шөлкемлеринен 200 ден аслам ағза шығарылды. 1928-1930-жыллар масса ушын уллы сынақ жыллары, Қарақалпақстан партия шөлкеми ушын ярым феодал капиталистлик элементлерге атланысты шөлкемлестириў жыллары болды.

Бул жыллардағы буныңдай сиясий жағдайлар газетада өз сәўлелениўин тапқан. Мәселен, «Еркин Қарақалпақ» газетасының 1928-жыл 1-ноябрдеги 40-саны халқабатлы Абыл Өтеўлиевтиң үй архивинен табылған еди. Газетаның бул санында төмендегидей мақалалар орын алған: «Газетаның биринши бетинде үлкейтилген фотосүўрет берилген. Фотосүўрет астында 1928-жыл 29-июльде Буравой курортында ўапат болған Қазақстан Орайлық Атқарыў комитетиниң Тет оданбасысы Бекимбет улының ўапат болғаннан соңғы сүўрети. Даўайы қылған докторы ҳәм хызметкерлери арасында» деп жазылған. Және «Еркин Қарақалпақ» газетасының бул санында «Қәўендершилик жумыслары жолға салынсын» (ойласық иретинде) атамасында мақала жәрияланған. «Аўыл хожалық көрсетпеси» мақаласында «Көрсетпеге қолларыңыздағы хожалық нәрселерин алып келиңлер. Көрсетпе 7-ноябрьде ашылады» сыяқлы сөзлер келтирилген.

«Партия тиришилиги» мақаласында болса Шаббаз районлағы партия жыйналыс ҳаққында сөз етилген.

«Газета партия органы болып, бунда Кеңес Ҳүкиметиниң сиясатын ҳәм басқа да жәмийетлик шөлкемлердиң талапларын қанаатландырған. Халыққа саўат, билим, сиясий үгит-нәсият бериўде, әдебият тараўында да сезилерлик үлеси болған. Ендиги мәселе «Еркин» сөзин алып таслаў бойынша партия алдыңғылары сыпсың сөзлер айта баслаған. Газетаға «еркинлик» атамасы мәңги минәсип болмай турғаны да анық сезилди. Қоңсылас республика интеллигенциясы бурын «Еркин Қарақалпақ» деген атаманы алжасып, «Ықтыярлы қарақалпақ» газетасы деп жүритетуғын болса, енди бул еркин, ықтыярлы, бийғәрез деген сөзлер айтылмайтуғын дәрежеге келди. Себеби, жигирмаланшы жыл ақыры отызыншы жыллары басланған коллективлестириў мапазы, елди жалпыламай колхозластырыў, бул ушын фронттай кесип, жарып, зорлап өткериў иси басланған мәҳәли баспа сөзге қатаң тәртип қадағалаўында Сталинлик сиясатлар, қорқытыў яки қуўдалаў ҳәўиж алған, административлик басқарыў методлары, административлик — судлық репрессияның басланған жыллары еди.

Әлбетте, баспа сөзде Сталинлик сиясаттың үстемлик етиўи, жыллар қаталлығы, дәўирдиң трагедиясы еди.

«Сол жыллары бир неше орта дийханлар байсаң, кулаксаң деген ат тағып хожалықлар ата-мәканынан айрылды. Оларды «пахта иси» бойынша пахта тапсырмадың, салықты дурыслы төлемедиң деп репрессияға ушыратты».[23]

1928-жылы 27-августта Қарақалпақ обкомының секретариатының қарары менен қарақалпақ халқының туңғыш ҳәм сүйикли газетасы, турмыс айнасы болған «Еркин Қарақалпақ» атамадағы газетасы орнына «Мийнеткеш Қарақалпақ» атамасында жаңадан редакция шөлкемлестириў ҳаққында қарары шығарылады».

---

[23] Досымбетов Г., Юсупов О. «Қарақалпақстан баспа сөзи пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан», Нөкис «Қарақалпақстан», 1991, 16-17-бетлер.

Деген менен биз 1927-1928-1929-1930-жыллардағы газета санларын көрип отырып 1928-жылдан «Мийнеткеш қарақалпақ» атамасында газета шықпағанлығын көремиз. Бәлким, қарардың ис жүзинде дурыслы орынланбағы ушын шығар «Еркин Қарақалпақ» атамасы 1930-жылдан «Мийнеткеш қарақалпақ» болып шыға баслаған.

Биз «Еркин Қарақалпақ» газетасының 1929-жыл 4-марттағы санын үй архивлерден табыўға миясар болдық ҳәм газетадағы мақалалардың қалай жазылғанлығына, қайсындай мазмунда жәрияланғанлығына қызықтық.

Газетаның биринши бетинде «Қарақалпақ областының областлық үшинши кеңеслер съезди» атамасындағы сиясий мақаласы жәрияланған. Мақалада төмендегише мағлыўматлар келтирилген «Қарақалпақ областлық үшинши кеңеслер съезди 28-февраль кешке саат 6 да Ленин атындағы клубта ашылды. Съезди Қарақалпақ областлық Атқарыў комитетиниң одамбасысы әўез улы ашты.  Әўез улының сөзи: —Жолдаслар, областлық съездимиз үшинши мәртебе ашылайын деп турыпты. Сан жағынан бул съездимиз үшинши болса да, сапасы жағынан биринши деп айтыўға болады. Бул съезд мийнеткеш, батрак, қаллашлар жамай мәпин аңлаған дәўиринде ашылып турыпты. Бул съезде камбағал қаллашлар өз мәплерин билип, алдына қойылған өз мәселелерин жалмай мәпине муўапық шешбеге турыпты.

Биринши съездимиз қарақалпақ областын шөлкемлестириў менен тарийхый болса, бул үшинши съезд жамайылық жағынан тарийхый есапланады.

Буннан осң 19 адамнан съездге президиум сайланды. Президиум ағзалары: Тағай келини, Жамал келини, Адағай улы, Жаналы улы, Ҳасен улы, Сарымолла улы, Әўез улы, Султанбек улы, Варламов, Маткарим улы, Пазыл улы, Хожанияз улы, Тилеп улы, Әлий улы, Сабко, Бердимурат улы, Аманияз улы, Бөлейхан улы, Аллаберген улы.

Буннан соң съездиң күн тәртиби қабылланды. Және газетаның биринши бетинде «Ленин партиясының қатары таза болсын» атлы мақаласы жәрияланған.

Газетаның екинши бетинде болса қазыў жумысларына байланыслы мақала жәрияланған. «Бәҳәрге қазыў мапазы ҳаққында түсиндириў менен силтеў хат. Батыраклар партияның басшылығы менен шөлкемлесип, бай-ийшан катқудаларға қарсы гүрес. Жаптың суўынан көп пайдаланғанлар қазыўшыны көп берсин! Байларды қазыў жумысына көп жегиў менен бирге, қаллаш, батырак орта дийқанларға қазыў жумысын жеңиллетиў (қай биреўлерин пүткиллей азат етиў) керек. Байлар ҳәм байырақ хожалықлар белдар көп түскен соң олар адам жалламаға қарайды. Бир талай қаллаш батыраклардың қазыў жумысынан қутқарылғанларын биледи. Соны биле тура соларды жаллайды. Сонлықтан төменги шөлкемлер көбинесе батырак комитетлер мийнет шәрт қағазын жазысып, жалланған батыракларға, хызметкерлерге байдан ҳақысын алып бермеги күтә ҳәжетли. Жаллаўшылар менен мийнет шәртин жазысбақ керек. Және де байлардың бир тәсили — мийнеткешлерди жыратуғын бир еби «көмек», «мөллек» «дийқан» деген гөне заманнан киятырған себеплерди сылтаўлайды», — сыяқлы мақалада үлкедеги қазыў жумысларының барысы сөз етиледи.

«Еркин Қарақалпақ» газетасы 1029-1930-жыллары арабша ҳәм латынша шрифтлерде араласып шыға баслады. 1930-жыл 4-октябрьде шыққан «Мийнеткеш Қарақалпақ» газетасының 64-санында мақалалар арабша ҳәм латынша шрифтлерде араласып шыққан. Газетаның биринши бетинде Қарақалпақ областында ғалаба минлетли оқытыў ҳаққында областлық партия комитети бюросының қарары берилген. Және де усы бетте «Қазақстанның 10-жылы» атамасында мақала берилген. Мақала мазмуны төмендегише «Бүгин октябрьдиң 4-күни — Қазақстан он жасаған мерекели тойы күни. 1920-жылы Қазақстан мийнеткешлериниң биринши съезди болып, Қазақстан ықтыярлы кеңес республикасы атын алып, өз ғамын өзи жеп, өз алдына ҳүкимет болған күн. Мине, сол күнге де бүгин 10 жыл толып атыр», — деп он жыл ишинде Қазақстанның ерискен табысларын, алға илгерилеўшилиги ҳаққында мақалада толық жазылған. Газетаның екинши бетинде «Әлиб» деген автордың «Колхозларда қандай иләжлар бар»

атамасындағы мақаласы жәрияланған. Бул мақаланың төменинде болса «Бабажан улы»ның «Пахта жыйнаў жумысына немқурайды қараўшылар бар. Жумысқа пәтли-ылғаллы кирисиўдиң «райком колхозы» тазартылды», мақаласы орын алған. Және, «Хожелиде рабочийлар аҳўалы. Пахта заводында 113 рабочий бар. Бухарадағы завод комитетиниң ишинде кемшилик көп. Сол кемшилик жақында болажақ завод комитетиниң сайлаўында додаланды» мақаласы берилип, бул мақала төменине «авторы — Биреў» деп жазылған. Газетаның төртинши бетинде болса «Көркем әдебият майданында» рубрикасы астында Қәлли Айымбетовтың «Әдебият мәселеси менен қарақалпақ жас жазыўшыларының ўазыйпалары» атамасында арнаўлы бет мақаласы жәрияланған.

«Мийнеткеш Қарақалпақ» газетасы 1931-жылдың ақырларынан баслап «Қызыл Қарақалпақстан» атамасында шыға баслайды.

«Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1932-жыл 15-декабрьдеги Т.Сейтмамутов редакторлығында шыққан 136-санына нәзер салсақ газетаның биринши бетинде «1924-1932 «Қызыл Қарақалпақстан» 8 жаста» деген үлкен жазыўлар менен жарық көрген байрам санын көремиз. Бул юбилейлик санда Қарақалпақстанда баспа сөздиң хәўиж алып өсиўи ҳаққында бир неше мағлыўматлар келтирилип өтилген. Және, газетаның үшинши бетинде шайыр Жолмурза Аймурзаевтың «8 жаста» атамасындағы байрамға арнап жазылған қосығын көремиз

«Бүгин тойың,
Сегиз жыллық,
Анық-анық,
Емес урлық.
Бизлер гүўа,
Жумыс қылдық,
Шықтың бүгин 8 жасқа.

Иске—

Салғанда, ғалаба,

Гүрестиң,

Еки майданда,

Социаллық нық майданға,

Ис иследиң 8 жаста».

1931-жылы 8-январь күни «Жас Ленинши» газетасы, 1932-жылдан «Жеткиншек» газетасы басылып шыға баслады. Сондай-ақ, 1932-жылы областлық колхоз аўқамының органы болған — «Колхозшы» газетасы, тағы усы жылы Мойнақ районы газетасы «Қызыл Балықшы» жарық көре баслаған.

1934-жылы Қарақалпақстан Халық билимлендириў комиссариатының органы — «Совет Муғаллими» газетасы шыға баслаған. 1934-жылы Маңғыт районының — «Сталинши», Шымбай районының — «Ылғаллы», 1934-жылы болса Қыпшақ районының — «Социализм жолы» газеталары шыға баслаған.

Областлық газеталарға мақалалар бериўде партия ҳәм совет шөлкемлери басшылары П.Варламов, Қ.Әўезов, А.Айтешов, Б.Сейидрасулов, С.Листков, М.Наўрызбаев, М.Журавлев, Х.Акчурин, А.Румянцев ҳәм басқалар белсендилик көрсетти. Сондай-ақ, газеталардың аўыллық корреспондентлери Райбек улы, К.Иржанов, Б.Ергалиев ҳәм басқалар мақалалары менен көзге түсти. Газета бетлеринде информация, интервью,

Арабшаны,

Анық жетип,

Жаңа ҳәрип,

Латын ҳәрип,

Ғалабаға

Сабақ берип,

Пайда бердиң 8 жаста.

Қуўып жетип—

Басып өтиў,

Исти ислеп,

Озып кетиў,

Ўазыйпаны

Бәржай етиў,

Бул сүренди беккем усла!— деген қатарларды көриўимизге болады.

1931-жылы 20-август күни Қарақалпақ автономиялы областы Атқарыў Комитети қарары менен «Мийнеткеш қарақалпақ» газетасына қосымша шығарылып турған «Трудовой каракалпак» газетасы «Советская Каракалпакия» газетасына айландырылды. Ал, 12-сентябрь күни «Советская Каракалпакия» газетасының биринши саны жарық көрди».

Енди газета бетлеринде очерк, еске түсириўлер, қосықлар жәрияланып барылды. «Советлерге сайлаў», «Батрак турмысы», «Аўыллардан хабарлар», «Сырт еллерде», «Сораўларға жуўап», «Көркем әдебият майданында», «Редакцияның жуўабы» ҳәм басқа да рубрикалар пайда болды.

Бабамызға жуўмақ жасай отырып Қарақалпақстанда баспа сөздиң пайда болыўы тарийхы елимиздиң социаллық, экономикалық жағдайынан келип шықты. Түркистан Республикасында баспа сөздиң көриниси 1918-жылға туўра келген болса, Түркстан Республикасының Әмиўдәрья бөлиминде 1919-жыл газета шөлкемлестириў жумысы басланды. 1919-жылы июнь айында Әмиўдәрья бөлими Атқарыў комитети органи ретинде —«Известия» газетасы шөлкемлестирилди. 1921-жылы сентябрьде Төрткүлде «Красный амударьинец» газетасына тийкар салынды. Жергиликли тилдеги баспа сөз 1923-жылы 22-январьда жарық көрген «Дийхан тауши» газетасы менен байланыслы. Қарақалпақ тилиндеги газета 1924-жылы 31-декабрьде тийкар салынды. Бул газетаның аты «Еркин Қарақалпақ».

Сондай-ақ, тараўлық, районлық газеталарды шөлкемлестириў басланды:

—1931-жылы «Жас Ленинши» газетасы~

—1932-жылы «Жеткиншек» газетасы~

—1932-жылы колхох аўқамының органы болған «Колхозшы» газетасы ҳәм усы жылы Мойнақ районының газетасы «Қызыл Балықшы» газетасы жарық көрди. Бул районлық газеталардың басламасы еди.

—1934-жылы Қарақалпақстан халық билимлендириў комитетиниң органы — «Совет Муғаллими» газетасы жарық көрди. Бул ҳәзирги «Устаз жолы» газетасының атасы есапланады.

—1934-жылы Маңғыт районының «Сталинши» газетасы~

—1934-жылы Қыпшақ районының «Социализм жолы» газетасы~

—1932-жылы Шымбай районының «Ылғаллы» газетасы шыға баслаған.

### 1.3 Районлық газеталардың шөлкемлестирилиўи

Қарақалпақстан журналистикасында районлық газеталардың тарийхы жигирмаланшы әсирдиң биринши ярымында жүз берген жәмийетлик сиясий жағдайлардан келип шығады. 1930-1940-жыллар аралығында Қарақалпақстан аймағында районластырылыўдың жолға қойылыўы районлық газеталардың пайда болыўына тийкар жаратты. Елде болып атырған сийясий жағдай ҳәм дәўир талабы районлық газеталардың баслы тематикасына айланғанлығын көремиз. Ҳәр бир район қурамында өз типографиясына ийе редакциялар жумыс баслады. Районлық газеталар республикада жүз берип атырған жәмийетлик сиясий жағдай да тиккелей байланыслы еди. Сол ушын да газеталардың дәслепки атамалары сол дәўир нәпесин бериўши сүренлер ҳәм шақырықларды өз ишине қамтыйды. Булл жергиликли халық ушын жаңалық болды. Газеталар типографиялық усылда шығарылды ҳәм бул дәўирде редакцияларда 15,16 журналист ҳәм әдебий хызметкерлер жумыс иследи.

Районлық газеталардың тарийхына нәзер салып көрейик.

#### *Шымбай районының «Шымбай ҳаўазы» районлық газетасы тарийхынан.*

Газета 1932-жылың ноябринде латын имласында тас баспа-литографиялық усылында «Ылғаллы» деген атамада районлар аралық газета болып жарық көрген. Ўақыттың өтиўи менен газетаның атамасы «Колхозшы», «Колхоз күши», «Колхоз ҳақыйқаты», «Коммунизм байрағы», «Коммунизм нуры» ҳәм ғәрезсизлигимизден соң 1991-жылдан «Шымбай ҳаўазы» болып шығып келмекте. Газетаның дәслепки санларын оқып қарасақ дәслепки мақалаларда сол дәўирдиң баслы сиясий өзгерислери ҳаққындағы мақалаларды оқыймыз.

Газетаның 1984-жылы 5-майдағы санында журналист Бекбай Сапаровтың «Газета тарийхы» атлы мақаласында газета тарийхы туўралы бир қанша анық мағлыўматларды алыўымызға болады. Онда «Ылғаллы»

газетасының дәслепки 1933-жылы 20-март күнги басылып шыққан №13 санының архивтен алынған түп нусқасынан көширмеси берилген.

Сол 1932-1933-жыллардағы архив ҳүжжетлериндеги газета тигиндилерине жүгинсек, шайыр Сайып Бекназаров, Әсен дилмаш, шайыр Минаж Матсапаевлар газеталық жумысына белсене қатнасқанлығының гүўасы боламыз. Газетаның дәслепки редакторлары қатарында Сайып Бекназаров, 1933-жылдың январынан Хожан Әбдихалықов, сол жылдың Әльмухан Бекмухаммедов, Азат Әўезов, Турсынбақый Әбдимуратов, Балтабай Жуманов, Атабай Султанов, Ернаш Сайыпов, Бахый Атаханов, Қыдырбай Ержанов, Қурбаназар Хожаназаров, Сәрсенбай Есеновлар, 1997-жылдан баслап Бекбай Сапаров редакторлық етпекте. Газета жумысына белсене қатнасқан журналистлерден Өзбекстан журналистлер Аўқамының ағзасы, мийнет ветераны Омар Тоқымбетов, Әбдирейим Ережепов, Сәрсенбай Досымов, Ахмет Әбдинайымов, Пердебай Ережеповлар юолды.

Кейинги 20 жыл ишинде усы газетада ислеп тәжрийбе арттырып республикамызға белгили қәнигелер жетилискен «Билим» баспасының редакторы Гүлистан Пирназарова, «Шыпакер» газетасының редакторы болған Гүлжәҳән Зайтова, журналист Жолдасбай Тәжетдиновларды атап өтсек арзыйды.

«Шымбай ҳаўазы» газетасының турақлы рубрикаларынан «Редактор минбери», «Пәрман ҳәм оның орынланыўы», «Ғәрезсизлик, миллийлик ҳәм жаңаланыў», «Шыпакер кеңеси», «Адам, нызам, жәмийет», «Инсаният парызы», «Халықлық тәрбия», «Бас жазар», «Турмыс көшеси», «Мыйық тартып, күлки қысар» усаған күнниң талабынан келип шығып, рубрикалар жаңа атама мазмуны менен байытылып барады.

Сондай-ақ, «Қумар аналық» ҳаял-қызлар бети, «Балажанларым» атлы жас өспиримлер бети, «Қамшы» атлы ҳәзил дәлкек бетлери бар.

## *«Кегейли турмысы» газетасы*

1932-жылы Орай тәрепинен барлық орынларда районлық газеталардың шығыуы бойынша қатаң қарарлар қабыл етиледи. Сол тийкарда, 1932-жылы 1-ноябринен баслап Хожели, Шымбай, Кегейли, Тахтакөпир районлары ушын бирликте «Ылғаллы» деген ат пенен латын имласында газета шығарылған. Булл газета Шымбай қаласы баспаханасында шығарылып турған. Кегейли районының ҳақыйқый өз газетасы 1952-жылы 6-ноябрден баслап «Сталиншил» деген ат пенен ҳәптесине еки мәрте, бир бет көлемде 3000 нусқада шығып турды. Редакторы Балтабай Жуманов болған. 1953-жылы август айында Б. Жуманов Кегейли районлық партия комитетиниң секретары болып сайланыўына байланыслы Султан Абдуллаев газетаға редактор болды.

Газета 1954-жылы жаўылып қалады ҳәм 1958-жылдың басынан баслап газета «Коммунизм қурылысы» атамасы менен қайта шөлкемлестирилип, оның редакторы болып қайтадан Балтабай Жуманов тайынланады.

Кейин ала Б. Жуманов Нөкис қаласына жумыс өзгерткенлиги себепли орнына Султан Абдуллаев редактор болды. Буннан соң газетаға Үкибай Әлжанов редактолық қылған.

Газета 1960-жылдың ақырына шекем шығып, кейнинен жане тоқтап қалады.

1966-жылдың 1-январынан баслап Кегейли районлық партия комитети ҳәм халық депутатлары районлық кеңесиниң органы болып , районлық «Ленин жолы» атлы газета шөлкемлестирилип, ол ҳәптесине үш мәрте, төрт бет көлеминде шығып турды. Оған редактор болып Е.Еримбетов тастыйқланды.

Газетада Әбдиразақ Сейтжанов, Мәдияр Дәўлетмуратов, Елеген Өтегенов, Атахан Хожанбаевлар жуўапкерли жумысларда иследи.

Б.Өтениязов, М.Алланов, Ж.Оразбаев, Қ.Әўезов, Қ.Рзаков, Ж.Байымбетов, Қ.Айымбетов, Т.Нийетуллаев, Қ.Палўаниязов, Ж.Ерғабулов

ҳәм басқада аўыллық хабаршылар газетаға садықлығын билдирип, узақ жыллар даўамында хызмет етти.

1988-жылы газетаға усы редакцияда әдебий хызметкер болып ислеп келген Жийенбай Моянов газетаға редактор болып тайынланады. 1993-жылы газетаның атамасы «Кегейли турмысы» болып өзгереди. Ҳәзирги күнде редактор Ж.Моянов басшылығында газета 1000 нусқада шығарылып келинбекте.

### *«Тахтакөпир таңы» газетасы*

Газета шықпастан бир жыл бурын яғный 1944-жылы ноябрде районда ең дәслепки типография ашылады. Бирақ жергиликли қәниге болмағаны себепли Нөкистен қәнигелер шақыртылып, жумыс ислеген.

1945-жылға шекем Шымбай районында Тахтакөпир, Кегейли, Шымбай, Хожели районлары бирликте «Ылғаллы» атамасында газета шығарылып келинген еди. Ал, 1945-жылдан баслап Тахтакөпир районы өз алдына газета шөлкемлестириледи. Дәслепки атамасы «Ленин жолы» соңынан «Ленин байрағы» деп аталған газета бүгинги күнде «Тахтакөпир таңы» атамасында жарық көрип келмекте. Дәслепки ўақытлары газета бетлеринде мақалалар жазып, ҳәўескер журналистлер болып көзге тасланған журналистлерден Ғалым Сейтназаров, Турдымурат Нажимов, Қайбулла Ерниязов, Ҳикметулла Айымбетов, Бахтияр Генжемуратовлар болып табылады. Ҳәзирги жазыўшылардың бири Алланазар Абдиевте өзиниң ең дәслепки дөретиўшилик жумысларын усы газетадан баслаған. Газета 1989-жылдан баслап «Тахтакөпир таңы» атамасына өзгертилип кең жәмийетшиликке усынылды ҳам ол көпшиликке мақул түскенликтен бүгинги күнге шекем сол қәлпинде киятыр.

Газетаның дәслепки редакторы белгили жазыўшы, Турдымурат Нажимов, соңынан Әдимурат Юсупов, Хожамурат Турымбетов, Аму Абдихалиқов, Ләтипбай Қосекеев, Есбосын Сапаров, Мәмбетнияз Әширбековлар болған.

Ал бүгинги күни газетаның редакторы – Гүлнара Дәўлетмуратова жемисли мийнет ислеп келмекте. Усы аты аталған жәмийетлик искер ишинен ең көп  мийнети сиңген редакторы Мәмбетнияз  Әширбеков болып табылады. Ол 25 жыл даўамында усы лаўазымда мийнет етти.

1995-жылы Мәмбетнияз ағаның басшылыгында «Тахтакөпир таңы» газетасының 50 жыллық юбилейи белгиленди. Сол жылдың январь айындағы газета санында  газета оқыўшылары юбелейге арнап бир неше қосықлар, мақалалар жазған.

Солардан Алламурат Базаровтың жазған мына қосық қатарларына нәзер таслап көрейик.

**«50 жыллық сәнеге»**

Сүйип оқып жаста ҳәмде ғаррыда,

Бәри жағар адамлардың жанына,

Ярым әсир толып отыр санасақ,

Бүгин мине «Тахтакөпир таңы»на

Ғәрезсизлик жылларына келип «Тахтакөпир таңы» газетасы редакциясының материаллық-техникалық базасы әдеўир дәрежеде жақсыланбақта. Мәселен, 2006-жылы февраль айында типография қайта ремонтланады ҳәм де  редакция жәмәәти таза орынға көшип өткериледи.

Сол жылдан баслап редакция 2 компьютер, 1 санлы фотоаппарат пенен үскенеленди. Газетаға материал таярлаў да жеңиллести. Ҳәзир редакцияда редактор Гүлнара Дәўлетмуратова жуўаплы хаткер- Мухаббат Изимбетова, хабаршы – Тохымбет Раекеев, фотохабаршы – Қуўатжан Әсенов, есапшы – Мария Сайжановалар жумыс ислеп атыр.

Газета 4 беттен ибарат болып, айына 2 мәртебе шығарылады. Газетаның

1- бети – агросанаат хабарлары,

2- бети – билимлендириў, медицина, мәденият, қурылыс, саўда тараўларына байланыслы жаңалықлар,

3-4 бетлери – дем алыс бетлери есапланады.

Газетаның рубрикалары: «Сиз сораған қосықлар», «Сағыныш», «Ким келди», «Арыўлар» (ҳаял-қызлар бети) «Ағаш қуйрықтың сандығы» (күлки мүйеши), «Балалы үй базар» (балалар мүйеши), «Ғәрезсизлик мениң өмиримде», «Жаңалық», «Шыпакердиң кеңеси», «Спорт» рубрикалары.

Газета А-3 форматында айына 2 мәрте шығады. Көлеми 1 баспа табақ. Тиражы 1700 дана есапланады.

2005-2006-2007 жылларда республика көлеминде районлар ишинде ең көп тиражлы газета Тахтакөпир районының газетасы болды. 1995-жылы 2400, 2004-жылы 400, 2005-жылы 1500, 2006-жылы 1700 дана болып шығарылып келинген.

***Қоңырат районы баспасөзи тарийхынан***

Қоңырат районында дәслепки газета 1944-жылдың 20-октябрь күни «Жеңис байрағы» деген атама менен газетаның ең биринши саны жарыққа шыққан. Газета сол атама менен 2004-жылдың май айына шекем басылып келди. Яғный «Жеңис байрағы» атамасы 60 жыл даўамында шығып турған.

Халқымыздың турмысының айнасы болған газета «Қоңырат ҳақыйқаты» атамасына, 2004-жылдың май айында өзгертилип, дәўир талабына сай қәдем таслап келмекте. Қонырат қаласы «Уллы жипек жолы» ның дәрбентиндеги теберик мәскан. Ол Оңғарбай Қурбаниязовтай, Уббинияз Бекниязовтай, Хожамберген Ембергеновтай  мийнет қаҳарманларының, районның раўажланыўы ушын жан күйдирген көплеген билимли, белгили азаматлардың елаты есапланады.

Газетаның өзи шығып турған дәўиринде қоңсылас республиканың журналистлери менен биргеликте ислесиў бағдарында бир қатар әҳмийетли илажларды әмелге асырды. Атап айтқанда 1998-1990 жыллар аралығында газетаның Түркменстан Республикасы Мары областы Байрамлы ҳәм Қарақум районлары газеталары менен биргеликте 5 мәрте қоспа саны шыққан.

Журналисттиң наны жуқа, оның үстине түсинген адамға жуўапкершиликти талапететуғын, машақаты мол кәсип. Усы

жуўапкершиликти истиң сағасында турып газетаға биринши рет редакторлық еткен Жаңабай Сапаровтың пидайы хызметлери изги әўладларға үлги болары ҳаққында, сондай-ақ район баспасөзиниң дәслепки қарлығашлары – Хожамурат Пиримбетов, Айтжан Бекмуратов, Бийбайша Жаңқулова, Мәряш Абдикаримоваларды мақтаныш пенен тилге алыўға болады. 60-жыллардан кейин жабылып қалған газетаны қайтада шөлкемлестириў жумысларын, шегине түскен жасы үлкен журналистлердиң мийнетлеринде ҳәр қандай жыллы сөзге ылайық. Олардан Өтеген Ғайыпов, Илал Атамуратов, Мырзабай Қалмуратов, Нуратдин Абдуллаев, Мамет Масумов, Бийсенбай Дәўлетназаровлар газетаның сапалы ҳәм мазмунлы шығарыўға салмақлы үлес қосыў менен бирге жас журналистлерди тәрбиялаў исине бар күш жигерин жумсаған.

Баспасөздиң тиреклери болған жәмийетлик белсенди хабаршылары - Нәзер Мәтназаров, Бағынбай Жақсымуратов, Жапақ Шамуратов, Әбиреш Бекмуратов, Өмирбай Ембергенов, Ермекбай Ҳәкимбаевлар газетаның мазмунлы сапалы шығыўына өзлериниң үлеслерин қосқан хабаршылардан есапланады.

66 жыл инсан ушын бул аз ўақыт емес. Бул дәўир ишинде газета ықласбентлериниң мүбәрек минбери, садық досты, халықтың айнасы болған «Қоңырат ҳақыйқаты» газетасы ҳәр тәреплеме ержетти. Бул жыллар аралығында газета районға, ҳәтте Республикаға белгили журналистлер редакторлығында шықты. Олардан дәслепки редактор, белгили жазыўшы Жаңабай Сапаров, соңын ала оның избасары Халмурат Пиримбетов, Айтжан Бекмуратов, Өтесин Ғайыпов, Илал Атамуратов, Убайдулла Абдуллаев, Рахман Айтмуратовлардың атларын атап өтсек болады.

Газетаға мектеп партасынан-ақ, аўыл ҳәм мектеп турмысының хабарлары, мақалаларын жазып қатнасып турған Атбай Камалов 70-жыллары 18-жасында редакцияға әдебий хызметкер лаўазымына таярланған. Оның газетадағы басылып шығарылған көлеми очерк, публицистикалық мақала ҳәм әдебий шығармалары менен ой пикирлерин жәмлеген мақалалары

оқыўшылар тәрепинен усы газета арқалы орын алған. Айтбай Камалов пенен кәсиплес болған, бирге ислескен баспасөз нураныйларынан Бийсенбай Дәўлетнвазаров, Көклен Ибрагимов, Турғанбай Сейтжанов, Мураткамал Наўрызов, Нурылла Оразбаев, Қәлмен Омаров, Колхозбай Атаниязов, Кеңесбай Артиқов, Кәмил Аллияров, Тилеўбейке Розимова, Тамара Бегжанова, Гүләсен Абдуллаева, киби журналистлерди ҳәм фотохабаршылары сыпатында ардақлаўға болады.

Усы жерде газетаның шығыўында салмақлы орны бар №7 санлы баспахана ҳаққында айтып өтиўимизге болады. Өйткени газетаны баспаханасыз көз алдымызға келтире алмаймыз. Газетаның жетискенликлеринде олардың гиреўли орны бар. «Қоңырат ҳақыйқаты» газетасының биринши ҳәрибин терген Бийбайша Жаңқулова болып табылады. Олардың шәкиртлеринен Орал Сарыбаева, Маряш Есемуратова, Пердеш Султанова, Базар Қосбергеновалар усы газетада өмири бойы ис жүритип ҳәзирги күнде ҳүрметли  дем алыста болса, Шухрат Сейтмуратов, Қазна Сағынбаева, Райхан Қурбаниязовалар ҳәзирги күнде ислеп атыр.

Хабаршы болып ислеген Жәделбек Бекбинов та өз ўазыйпасына үлкен жуўапкершилик пенен қараған.

«Қоңырат ҳақыйқаты» район жаңалықларынан өз газета ықласбентлерин хабардар етип барыў мақсетинде ҳәр қыйлы рубрикалар шөлкемлестирген. Мәселен: «Ҳәр тараўдан хабардар», «Сизге қалай хызмет көрсетип атыр», «Мийнет алдыңғылары», «Хабаршылар минбери», рубрикалары соның менен бирге «Арыўхан» ҳаял-қызлардың «Шаңарақ», «Шемби бети», атамаларындағы арнаўлы бетлерин шөлкемлестириў менен бирге поэзия бети болған «Қызлар гүлдәстеси» бетин жәриялап барыўға да итибар қаратқан. Бул бетте талантлы ҳаял-қызлардан Зийнет Закирова, Злиха Юлдашевалар ҳәм жас дөретиўшилердиң қосықларын оқыўымызға болады.

Ғәрезсизлик шарапаты менен соңғы ўақытлары газетаның жумысларын қайта шөлкемлестирген. 2002-жылдан баслап редактор болып Қоңыратбай Жумабаев тайынланған. Ол газетаға деген итибарды және де күшейтти ҳәм

түрли рубрикаларды көбейтти. Сол жылдан баслап газета компьютерде Э.Дәўлетбаева тәрепинен вёрсткаланған. Демек газетаның сапалылығына да үлкен итибар қаратылып атыр.

Ҳәзирги күнде «Қоңырат ҳақыйқаты» газетасы редакторы Гүлистан Каражанова тәрепинен айына еки мәрте шығарылып келинбекте.

### *«Мийнет байрағы» газетасы тарийхы*

Қараөзек районының районлық газетасы болған «Мийнет байрағы» туўралы айтып өтетуғын болсақ, газета гөне Қараөзек районы суў алғаннан кейин 1945-жылы Есим бойына көшип келгеннен соң 1946-жылдан шыға баслады.

Оның дәслепки атамасы «Сталин жолы» болып, 1957-жылға шекем, буннан кейин райондағы жағдайларға байланыслы Тахтакөпир, Қараөзек ҳәм Шымбай районынан шыға баслады.

Ал, Тахтакөпир районы қайта ашылғаннан соң Қараөзек ҳәм Тахтакөпир районлары ушын «Ленин байрағы» газетасы болып қайта шыға баслады.

1975-жылы декбарде Қараөзек районы қайта шөлкемлестириледи. 1977-жылдан баслап, «Мийнет байрағы» атамасы менен шығып киятыр. «Мийнет байрағы» газетасының ҳәзирги шөлкемлестириўшилери халық депутатлары районлық кеңеси болып есапланады.

«Мийнет байрағы» газетасы дәслеп ҳәптесине үш рет, соң еки рет шығып турды.

Ҳәзирги ўақытта газетада Нийетбай Өсербаев редактор болып хызмет етпекте. Газетаның ураны «Ақылы кәмил илими зор, билимли ел болмайды хор», деген уран астында  шығады. Бердақ бабамыздың усындай ақыл-нәсият сөзлери менен басланған.

Газета сиясий жәмийетлик газета болып, онда көбинесе аўыл хожалығы, мал шарўашылығы ҳәм басқа да мақалалар берилип барылады.

Газета ҳаққында сөз еткенде оның дәслепки редакторлары ҳаққында айтып өтсек, газетаға биринши рет Күндебай Тилеўов оннан кейин Қалбай Тилеўов ҳәм Базарбай Узақбаевлар редакторлық еткен. Газета ҳәр заманда өзиниң тийкарғы, көлемли, оперативлиги менен парық қылады. Ондағы ҳәр бир мақала белгили бир жанрда жазылады.

Газетада ҳаял-қызлар бети, олардың жетискенлиги, машқалаларына шерик болыў ушында «Гулзира» бети шөлкемлестирилген.

Газета бетлеринде «Рәсмий хабар», «Спорт, спорт, спорт», «Сырлы әлем», «Агросанаат», «Билимлендириў», «Еситпеген елде көп», «Аўыл турмысы», «Мектептен хат», «Яднама», «Өрт тилсиз жаў», «Тәлим тәрбия» ҳәм тағы басқада рубрикалар газетаның ҳәр санынан турақлы берилип турады. Бул рубрикалар астында берилетуғын мақалалар тийкарынан елдиң тынышлығы, абаданлығы, адамлардың тыныш-татыў жасаўына бағдарланған темаларды қамтыйды.

***«Хожели ҳақыйқаты» газетасы***

Халқымызда «Жақсының жақсылығын айт, нуры тассын», деген дана гәп бар. Сол айтқандай «Хожели ҳақыйқаты» ның 50-жыллығының мүнәсибети менен пикир жургизилгенде ең алды бурын усы басылымға мийнети сиңип, пидәкәрлик еткен, ҳәзир арамызда жоқ уллы инсанлардың ислеген мийнетлери ҳаққында айтсақ орынлы болар деп ойлайман.

Бундай ветеранлар жөнинде еске алғанда газетаның дәслепки редакторларының бири Орынбай Мәтжанов, оның шәкиртлери Сапарбай Иматов, Несипбай Қалыймағанбетовлар туўралы ядқа алыўымыз парыз деп билемен.

Газетада ислеген дәўирде яғный 60-жыллардың ақыры, 70-жыллардың басында, Орынбай Матжанов дәслеп баспахана директоры болды, соңын ала мийнет дем алысына шықты. Пенсияда болсада ҳәптесине бир рет редакцияға келип, жигитлер менен пикирлесип, сөйлесип кетер еди, - дейди сол

ўақыттағы «Хожели ҳақыйқаты» газетасының бурынғы жуўаплы хаткери Жолдасбай Нурыллаев.

Газетаны қайта шығарыўда сол ўақыттағы тәжирийбели журналистлерден Рейимберген Аяпбергенов, Төлеген Низаматдинов, Көшкинбай Исметов, Аяп Қалилаев, Жақсылық Еримбетовлар тынымсыз иследи.

1985-1992 жыллар газета жәмәәтиниң жаңа талант ийелери менен толысыў дәўири болды. Жуўаплы хаткер, бөлим баслықлары, хабаршы болып ислеген, дөретиўшилик жақтан шынығып өскен филология илимлериниң докторы, профессор Қуўанышбай Оразымбетов ҳәзирги ўақытта Университет проректоры болып ислеп келмекте.

Мәтибай Бердиев, Базарбай Таўасаров ҳәм басқалар окыўшыларға жақсы таныс. 1969-жылға келип бул газетаға редактор болып Тилеўнияз Қаниязов сайланды.

2005-жылдан бул газетаға Махсетбай Абубакиров редактор болып ислеп келмекте.

***«Шоманай нуры» газетасы***

«Шоманай нуры» газетасы 1953-жылы июньнан баслап «Пахтакеш» атамасында Өзбекстан Компартиясы Шоманай районлық комитетиниң шөлкемлестириўинде баспадан шыға баслады. 1950-жылы Шоманай районы дүзилген болса үш жылдан соң район өз газетасына ийе болды. Район дүзилген дәслепки жыллары жерлерди өзлестириў егислик жерлерди ашыў ҳәм мәмлекет сиясаты дәрежесине көтерилген аграр тараўын жетилистириўге байланыслы газета атамасы да «Пахтакеш» деп алынды. Сол ўақыттағы яғный, газетаның биринши редакторы етип Сапарнияз Дүйсемуратов сайланды. Газета аўқам дәўириниң сиясатын толық өзинде қамтыған ҳалда район турмысын сәўлелендирип отырды. 1955-жылы газета редакторы болып Рейимберген Аяпбергенов жумыс баслайды. Районда жүз берип атырған өзгерислер, колхозлардағы егис мапазы, республикада жүргизилип

атырған аграр сиясатты халыққа жеткерип бериўде газетаның рөли үлкен еди. Соңын ала газета редакторы болып Хожамурат Қаражанов тайынланды.

1968-жылда газетаның «Патхакеш» атамасы «Коммунизм жеңиси» болып өзгерди. Дәўир талабына сай таңланған бул атама ғәрезсизликке шекем, яғный 1991-жылға шекем сақланып қалынады. Бул дәўирге келип газета редакторы Көшкинбай Исметов болады ҳәм ол 1978-жылға шекем газетаға редакторлық етеди.

1978-жылға келип редактор ўазыйпасын Базарбай Халмуратов атқарады ҳәм 1988-жылға шекем ислейди. 1988-жылы июньнан баслап газета редакторы етип Муратбай Мусатдинов сайланды.

1991-жылға келип газета атамасы дәўир талабына сай «Дослық байрағы» болып өзгереди ҳәм «Халықлар дослығы уллы күш» сүрени астында жарық көреди. 2003-жылға келип район, ҳәкимияты усынысы менен газета атамасы «Шоманай нуры» болып өзгертилди. Бүгинги күни газета «Ғәрезсизлик жолы айдын жол» ураны менен баспадан шығады. Редакцияда бүгинги күни төрт журналист хызмет атқарады.

### *«Төрткүлнама» газетасы тарийхынан*

Төрткүл районлық ҳәкимиятының «Төрткүлнама» газетасы 1933-жылдан берли жарық көрмекте. Газета сүрени «Пүтин күшти халық ишинен алайық» деп аталып, район көлеминдеги экономикалық, сиясий, мәдений жаңалықларды жәриялап барады. Тиражы – 660 дана.

Газета редакторы Уғылжан Нурыллаева. Газетада «Қарор ва ижро», «Өз ҳуқықыңызды билесиз бе?», «Оқытыўшы минбери», «Мектеп турмысы», «Спорт», «Таңлаў», «Мәдениат жаңалықлары», «Үлкемиз тарийхын үйренемиз» рубрикалары бар.

Газета А-4 форматта айына еки мәрте 8 бет көлеминде шығады. Редакция компьютеринде терилип Берунийдеги 6-санлы МШЖ баспаханасында офсет усылында шығарылады.

Көп миллетли Төрткүл районында «Мекан» газетасы да шығады. Ол Қарақалпақстан Республикасы Түркмен миллий орайының газетасы болып, 2001-жылдан тийкар салынған. Газета А-4 форматында айына бир рет шығада. Редакторы А.Абаев, сүрени: «Ўатанды сүймек ийманнандур». Газета түркмен тилинде болып, республикалық көлемде, илимде, көркем өнерде, билимлендириўде, мәдениятта аты белгили Қарақалақстанлы түркмен миллети ўәкиллери туўралы сөз.

### *«Әмиўдәрья ҳақыйқаты» газетасы тарийхынан*

Газета 1934-жылдан түрли атамалар менен шыға баслады. Газета Қарақалақстан Республикасының Кыпшақ районы ҳәм Хорезм областының Маңғыт районы бирлесип Әмиўдәрья районы болып, Қарақалақстан Республикасының қурамына өткеннен кейин 1958-жылдан баслап «Әмиўдәрья ҳақыйқаты» аты менен шығып келмекте. Газета редакторы Алламберген Жуманиязов. Газета «Әўладларға азат ҳәм абат ўатан қалдырайық» деген сүрен астында айына еки рет жарық көреди. Редакцияда компьютерде таярланып «Нөкис полиграфкомбинаты МШЖ те офсет усылында шығады. Тиражы 1550 дана. 2010-жыл 8-апрельге келип тиражы 1850 данаға өсти.

Ҳәзирги күнде газетада «Қарар ҳәм орынланыўы», «Исбилерменлик дәўир талабы», «Жынаят ҳәм жаза», «Журналист машқала көтереди», «Азадалық пәраўанлық тийкары», «Мәҳәлле- демократия аудиториясы» рубрикалары астында аналитикалық ҳәм сын мақалалар берилип барылады.

Қарақалпақстан Республикасы Беруний районы «Халық минбери», «Народная трибуна» газетасы 1946-жыл 1-августтан баслап шығады. Газета ҳәзирги күнде А-4 форматта, 8 бет көлемде, айына еки мәртебе өзбек ҳам рус тиллерде басылады. Газета тиражы 1290. редакцияда редактор, жуўаплы хаткер, бөлим баслығы ҳәм есапшы жәми төрт хызметкер ислейди.

Газета материаллары компьютерде териледи ҳәм Берунийдеги 6-санлы баспахана МШЖ де ҳәм Елликқала районы 14- санлы МШЖ баспаханасында басып шығарылады.

Елликқала районлық «Давр кузгусы» газетасына 1978-жылы 10-апрелде тийкар салынды. Газета редакторы Зулайха Нурметова газета атамасы дәслепки атамада турақлы шығып киятырғанын мақтаныш етеди. Тиражы 680 дана сүрени: «Ассалаўма әлейкум әзийз оқыўшым» деп аталған. Газета А-3 форматта айына еки рет шығарылады.

### *«Ақмаңғыт таңы» газетасы*

Нөкис районы ҳәкимиятының басылымы болған «Ақмаңғыт таңы» газетасы 1969-жылдың 1-июль сәнесинен баслап баспа жүзин көрди. Дәслепки жылларда газета ҳәптесине үш мәрте А-3 форматта айына еки рет, 1563 тиражда шығады. Газета редакторы Әбдималик Хожаназаров. Сүрени: «Хызмет еткил удайына халық ушын».

Газета редакторы, жуўаплы хызметкер, хабаршы, оператор, есапшы, барлығы алты хызмткер бар. Газетада «Президент пәрманы ҳәрекетте», «Қәнегениң кеңеси», «Суў – ырысқы несийбе», «Пән айлығы», «Жынаят ҳәм жаза», «Шыпакер кеңеси», «Салық хабарлары», «Тарийхый тулғалар», «Биз айтпасақ ким айтады» ҳәм тағы басқа рубрикаларында турақлы мақала, интервью, репортажлар орын алған. Жуўаплы хызметкер Жеңис Сейдуллаев, хабаршы Гита Қалбаева аналитикалық бағдардағы мақалалар, репортажлар таярлап барады. Сондай-ақ газета окыўшыларының дөретиўшилиги турақлы бериледи.

Енди газета тарийхы туўралы азы-кем сөз етсек. «Ақмаңғыт таңы» газетасы дәслеп «Коммунизм байрағы» болып шыға баслаған, ал редакторы етип Досмурза Назарбеков сайланған.

Бул газетаға 1977-жылы редактор болып Убатхан Бегимов жумысқа келди. Ол газетаны 1979-жылдың ақырына шекем үзликсиз шығарып турған.

Соңынан жәнеде газетаның редакторы өзгерип бул лаўазымға Әширбек Қосбергенов жумысқа келеди ҳәм 1982-жылдың августь айына шекем иследи.

Газета структурасында өзгерислер жүз берди. 1988-жылдың дәслепки айларында Нөкис районы Нөкис қаласына қараслы болып қалады. Сол ўақытлары үзликсиз шығып атырган газетаның аты «Нөкис ҳақыйқаты» деп өзгертилип, редактор болып, Алпысбай Султанов жумыс баслады. Көп өтпестен бир ярым жыл дегенде Нөкис районы өзин тиклеп Нөкис қаласының қарамағынан шығады.

1990-жылы Нөкис районы қайта дүзилди. Азғана үзилиспеден соң Балтабай Мустапаевтың басшылығында газета қайта шөлкемлестирилди ҳәм «Халық ушын» деген атамада шыға баслады. Газета сол ўақытларда үзликсиз шығып турады. 1993-жылы газетаның бас редакторы және де өзгерип, газетаға бул лаўазымға Сапарнияз Пирниязов жумысқа келеди. 1999-жылы финанслық қыйыншылықларға байланыслы газета редакторы лаўазымына Қуўатбай Оразымбетов мирәт етиледи. Ол газетаның атын өзгертип, оған «Ақмаңғыт таңы» деп атама берди. Газетада жаңа рубрикалар пайда болды. Газета 2005-жылы жыл даўамында жарық көрмей қалады. Лекин 14 айдан кейин бул газетаны жәнеде жарыққа шығарыў ушын өзине исенген ҳалда ҳәмде Нөкис районының ҳәкимиятының жәрдеми менен бул газетаға бас редактор болып Әбдимәлик Хожаназаров жумысқа мирәт етилди ҳәм бүгинги күни де жемисли мийнет етип келмекте.

### *«Қанлыкөл хабарлары» газетасы*

Газетаға 1971-жылдың 1-сентябринде тийкар салынып «Ленинабад таңы» атамасында шыға баслады. Газетаның биринши редакторы Медетбай Аметов болған. Редакцияның барлық хызметкерлери тынбай излениўлер, талпысынлар қылғанлығы ушын газета бүгинги күнге шекем иркилислерге

ушырамай шығып келмекте. М.Аметов 25 жыл даўамында яғный 1971-1996 жыллар аралығында редакторлық ўазыйпасын артқарды.

Басқа районлық газеталар қатарында 1992-жылы газета атамасы өзгертилди. Енди ол «Қанлыкөл хабарлары» деп аталады. Узақ жыллық шөлкемлестириўшилик хызмети барысында М.Аметов ылайықлы шәкирт таярлай алды. 1996-жылы газета редакторы етип Мураткамал Наўрызов тайынланды. Газетада жаслар ҳәтте балалар ушында рубрикалар шөлкемлестирилип, сораў жуўаплар, басқатырма ойынлар таярланады. Әсиресе интернеттен жаңа информацияларды редакцияның өзинде алыў имканияты газетада «Интернет хабарлары» рубрикасының турақласыўына тәсир жасады.

Газета материалларының мазумының байытыўда, «Аўылласларға қулақ қағыс», «Яднама», «Саламатлық тереӊ байлық», «Әдалатлық айнасы», «Қайырқомлық», «Оқыңыз қызық» рубрикаларында берилип атырған мақалалар тәсирли шықпақта.

Бүгинги күнде газета А-4 форматта айына еки рет Хожели типографиясында  басып шығарылады.

# II Бап. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БАСПА СӨЗИНИҢ ТЕМАТИКАЛЫҚ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

## 2.1. Жәмийетлик-сиясий мәселелердиң баспа сөзде сәўлелениўи

Қарақалпақстан баспа сөзи қәлиплесиў башқышлары 1920-1930-жыллардағы газеталардың тематикасына дыққат қаратсақ, бул жыллардағы жәмийетлик-сиясий мәселелерге суў менен тәмийинлениў мәселеси, пахта жетистириў мәселеси, билимлендириў-саўатсызлықты сапластырыў мәселеси, тилдиң тазалығы мәселелери киргизилген. Бул бойынша газета бетлеринде бир қанша мақалалар жәрияланған. Мәселен, үлкен суў менен тәмийинлеў мәселеси бойынша Дәли Назбергеновтың «Уллы ўазыйпаның бири — қазыў»[24] мақаласы жәрияланды. Бул мақалада автор қазыў, канал-жапларды қазыў жумыслары ҳаққында ҳәм бәрше адамларды қазыў жумысларына белсендилик пенен қатнасыўды талап етип қойыпты. Ал, қазыўдағы адамлардың мәртлик ислери, жумысларының аўыр екенлдиги Қасым Әўезовтың авторлығындағы «Қазыў»[25] қосығында сүўретленеди.

Пахта жетистириў мәселеси — бул газетаның ең тийкарғы тематикаларының бири болды. Бул мәселе жәмийетлик-сиясий дәрежеге көтерилген. Және, бул мәселе бойынша газеталарда мақала, есап, сын жанрларында бир неше мақалалар жәрияланған. Бундай мақалаларға «Барлық жерлердеги пахтаны жыйнап тапсырыў иси тамам қылынсын», «Пахта жыйнаў жумысына немқурайды қараўшылар бар», «Пахта таялаўдағы артта қалыўшылық тез саплансын», «Пахта таярлаўды үзилисте қалдырыўшыларға аяў болмасын» сыяқлы пахташылыққа байланыслы бир қанша сын мәнисиндеги мақалалар жәрияланып барылған.

Билимлендириў тараўына байланыслы газетада көплеп мақалалар жәрияланып барылған.

---

[24] «Қызыл Қарақалпақстан» газ. 1936-ж. 4-январь №3

[25] «Қызыл Қарақалпақстан» газ. 1936-ж. 20-январь №16

Толқын авторлығындағы «Қылшынақ аўылындағы муғаллимлер қылтыйып қыдырып жүр»[26], «Жалғас муғаллим жас балларды зар жылатып отыр»[27] мақаласында муғаллимлерди сынға алып жазады. Усындай сын мақала М. улы авторлығындағы «Шалабай улы оқыў исине салқын қарайды»[28], Матор авторлығындағы «Турымбетовтың оқытқаны бир түрли»[29], Д.Юсупов авторлығында жәрияланған «Сарыбий аўыл мектеплеринде оқыў жумысы ақсап қалған»[30] мақалаларын келтирип өтсек болады. Бул мақалаларда авторлар муғаллимлердиң оқытыў усыллары, жақсы тәлим-тәрбия, билим үйрете алмай атырғанлықлары, мектеплердеги оқыў жумысларының төмен дәрежеде екенлиги ҳаққында сөз етиледи.

Тилдиң тазалығы мәселесине байланыслы М.Әлмуқан авторлығында газетада бир неше газеталар жәрияланған.

Автордың «Имла — тил мәселесине ат үсти қараўшылық болмаўы керек»[31] мақаласында қарақалпақ тилиниң таза тутыў мәселеси ең тийкарғы бағдар есапланады.

Қарақалпақ тилиниң тазалығы мәселеси бизиң анықлаўымызша qoe0-жыллардан берли айтылып киятырғанлығын көремиз.

Улыўмаластырып айтқанда 1930-1940-жыллардағы баспа сөзимиздеги жәмийетлик-сиясий мәселелерге суў менен тәмийинлеў мәселеси, пахта жетистириў, билимлендириў, саўатсызлықты сапластырыў, қарақалпақ тилиниң тазалығы мәселелери тийкарғы орын ийелегенлигин көремиз.

---

26 «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1932-жыл, №3.

27 Булда сонда, 1932-ж №3.

28 Булда сонда, 1936-ж. №76.

29 Булда сонда, 1936-ж. 22-февраль №43.

30 Булда сонда, 1936-ж. 27-март №36.

31«Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1936-ж. 2-март №49

## 2.2. БАСПА СӨЗДЕ ЖАНРЛЫҚ ЖЕТИЛИСИЎ МӘСЕЛЕСИ

### а) фельетонлар

### б) очерклер

Фельетон журналистиканың көркем-публицистикалық жанры есапланады.

Фельетон — французша «бир бет қағаз» мәнисин аңлатады. Бул жанр XVIII әсир ақырында Франция баспа сөзинде буржуазиялық революция дәўиринде пайда болады.[32] Оның мақсети жәмийетлик турмыстағы ҳәр қандай жарамас қыбылысларды әшкаралаў ҳәм бийкарлаўдан ибират. Фельетон тийкарынан алғанда газеталық жанр. Оның тийкарында фактлер жатады. Бирақ фактлерди баянлаўдан фельетон бола бермейди. Оған белгили дәрежеде идеялық салмақ жүкленеди. Оның үстине тек қурғақ факт ҳәм қурғақ идея да фельетон болыў ушын жеткиликсиз. Олар көркем формалар арқалы баянланыўы керек.

Көлеми қысқа, оператив, өзинде газета-журнал публицистикасы менен көркем әдебияттың белгилерин жәмлейтуғын фельетон жанрының халықтың жәмийетлик өмиринде тутатуғын орны оғада үлкен.

Фельетон Қарақалпақ баспа сөзинде 1920-жыллардың ақырларында дәслепки дийўалы газеталардың, соң республикалық газеталардың бетлеринде пайда болады.[33]

Бул дәўирде пайда болған фельетонлар жанрлық жақтан толық жетилисти деп айта алмаймыз, бирақ ол бирден-ақ өзиниң хызметин жақсы атқарып кетти. Өйткени, биз сол дәўирдеги фельетонлардың тематикасынан-ақ бул нәрсе анық көринип турады.

«Мийнеткеш Қарақалпақ» газетасының 1930-жылы 14-октярбрьдеги санында Ниязбек авторлығында «Жанлы картина ҳәм бағ» атлы фельетон басылады. Бул фельетеонда Шымбай қалалық кеңесиниң жумысындағы

---

[32] Богданов Н.Г., Вяземский Б.А. «Справочник журналиста». Ленинград, 1971г 271 стр

[33] Нурмухаммедов М.К. «Шығармалары II том», Нөкис «Қарақалпақстан», 1985, 15-бет.

кемшиликлер критикаланады. Жәнe, сол жылғы «Мийнеткеш Қарақалпақ» газетасының 22-27-октябрьдеги санында Әлип авторлығындағы «Мәжийттиң бахты» фельетонында болса жырып жеўшилерди әшкаралайды. Ал, гейпара ўәкиллердиң жарамсыз қылықлары «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1932-жыл 48-санында Жан Арыслан авторлығындағы «Ўайранлы ўәкиллер» фельетонында сөз етиледи.[34]

1932-жылғы «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 75-санында «Қоян» әдебий лақабы менен жәрияланға «Бердимбеттиң бүлиги» фельетонында ески дүньяның қалдық элементлерин әшкаралаўға арналған. Журналист — редакторы Т.Сейтмамутов «Епсинбай» әдебий лақабы менен «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1931-жылғы 87-санында «Бири емес — бәри» атлы фельетонын жәриялайды. Бул фельетонда Төрткүлдеги асхана жумыслары қатты сынға алынып жазылады.

Фельетон авторлары еси бай-феодаллық қалдықларға қарсы гүреседи. «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1932-жылғы 12-санында «Қыпшақлы» авторлығында өткир тил менен жазылған «Қақаң-қақаң» атлы фельетонда еки ҳаял алған болыўына қарамастан көз бояўшылық пенен партияға өткен, буннан соң ҳаялын үш баласы менен таслаған унамсыз тип әшкара етиледи. Автор бундай инсанларды қатаң жазалаўды талап етеди.

Булардан ең дәслепки фельетонлардың сатиралық бағдар алғанлығы көринип турыпты. Сол дәўирде ески дүньяны жоққа шығарыў, класлық гүрес сыяқлы ўақыялар фельетонлардың публицистикалық бағдарын күшейтип, оны актуаль жанр сыпатында турмыстың алдыңғы шебине алып шықты. Хабаршылардың, жазыўшылардың ҳәм публицистлердиң қолында фельетон жаңа өмирди, жаңа идеяларды тастыйықлаў ушын гүресте қүдиретли курал болып хызмет етти.

Жаўынгер, гүресшең характер, турмысқа белсенди ҳәм батыл араласыў дәслепки фельетонларға тән белгилер болды. Жазыўшылардың ол ўақыттағы жазыў усылына тән өзгешеликлердиң бири фельетонларда жупкерлескен,

---

[34] Нурмухаммедов М.К. «Шығармалары II том», Нөкис «Қарақалпақстан», 1985, 15-16-бетлер

қосық формасындағы прозаның, («...колхоздан қуўылсын, оның қуйрықларының алқымы буўылсын» усаған) айтылажақ идеяны күтә жетимли түсиндиретуғын қысқа, өткир диалоглардың басым қолланылыўы болып табылады.

1930-жыллар басындағы қарақалпақ баспа сөзиндеги дәслепки фельетонларда соның менен бирге елеўли кемшиликлер де ушырасты. Авторлар өзлери жүзбе-жүз ушырасып атырған қызық фактлардан тийисли жуўмақлар шығара алмады. Фельетонларда көркемлик элементлери аз еди ҳәм сол себепли олар әпиўайы газета хабарларына көбирек усайтуғын еди.

Деген менен, бул кемшиликлер оператив жанрдың әҳмийетин кемите алмады. Фельетон жаңа өмирдиң талабына сай туўылды ҳәм оның жеңисин тастыйықлаўға белсенди хызмет етти. Өзи туўылған күннен баслап қарақалпақ баспа сөзинде, публицистикасында тыянақлы орын ийелей баслады.

1930-жыллардың екинши ярымынан қарақалпақ баспа сөзинде фельетон әдеўир табыслы раўажланды. Ол қарақалпақ публицистикасынан беккем орын ийледи. Жас ҳәм тәжирийбели жазыўшылардың сүйикли жанры болды.

Бул дәўирдеги фельетонларда тийкарынан ҳәмелпаразлар, көз бояўшылар, жырып жеўшилер, мәскүнемлер, парахорлар, жалқаўлар ҳәм басқалар әшкараланды.

1936-жыл «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 220-санында жазыўшы Дәли Назбергеновтың «Аралас тил муғаллими» фельетоны жәрияланады. Фельетонда автор қарақалпақша менен қазақшаны араластырып оқытып жүрген муғаллимниң күлкили жағдайын сүўретлейди. Муғаллимниң өзимшил минези шығармада жақсы ашылған. Ол класста папирос шегеди. («Муғаллимниң аўзынан түтинге араласқан бир жуўмақ гәплер шықты»). Бир бала буны муғаллимге айтқан ўақта ол қызарып кетеди, папиросы алысып турса да, қайтадан шырпы жағып тутандырады. Қысынған

муғаллимниң аҳўалы қандай берилген. Бирақ оның жүзинен өкпелеген кейип, такаббырлық көринип турады.

Мәскүнемликтиң зыянлы қубылыс екенлиги П.Ғайыповтың «Еки өжет» атлы фельетонында[35] келтирилип өтилген. Фельетонда ресторанға барып, тойғанынша жеп-ишип, кейнинде ҳеш қайсысы төлегиси келмей турған еки типти ашшы күлкиге алады. Олар ақырында пальтосын таслап кетиўге мәжбүр болады, соң бирин-бири айыплап, әўели ресторанның ишинде, кейнинен көшеде жаўынның астында төбелеседи. Бул екеўиниң биреўи бир жыллық медицина курсының директоры, ал, екиншиси райОНО бухгалтери екен. Бул еки мәдениятсыз, жөнге түспеген адамлардың ҳәрекетлери ҳеш бир нырыққа сыймайды. Автор дәслеп олардың атын айтпай оқыўшының қызығыўшылығын күшейтип алады. «Қаҳарманлардың» ҳақыйқат атлары кейинирек айтылады. Соған шекем олар образлы түрде «Галстуклы қыйық қаслы жигит», «алтын тисли томпақ жигит» деп аталып турады.

Бул еки адамның дослығы ийттиң дослығындай. Тамақ десе, арақ десе өл деп таслап, ал төлеўине келгенде бир-бирине ҳәл салысып турады. Официантка келип, «ешейинге маймыл ойнамайды» деп жигитлердиң үстиндеги пальтосын шешип алғанда, олар терисин сыйырып алған қойға усап бийшарасы шығып сымпыйып қалады, — деп келтирилип өтиледи.

Автор шығармада «изи былша-былшқа айналды», «терисин сыйырған жалаңаш қойдай болып» деген сыяқлы халықтың образлы теңеўлерин көп ҳәм утымлы пайдаланған.

Фельетонның соңында ҳешқандай жуўмақлаўшы пикир берилмеген. Бирақ, бундай мәскүнемлердиң жәмийеттиң қатаң жазасына ылайық екенлиги солай-ақ түсиникли болып турады.

Жазыўшылардың өз фельетонларында халық творчествосының унамлы традицияларын пайдаланыўын, ондағы юмор-сатиралық, күлкили

---

[35] «Қызыл Қарақалпақстан» газетасы, 1939-ж. №299.

анекдотлардың образлы элементлерин жақсы қолланыўын унамлы қубылыс сыпатында көрсетип өтиўимиз тийис.

О.Қыдырбай ҳәм С.Жаңабайлардың 1940-жыл «Жас Ленинши» газетасының 69-санындағы «Еркетай» фельетоны Ерназар бий (Хийўаға қарсы халық көтерилисиниң басшысы) туўралы бир легендадан мысал келтириўден басланады. Бий өзиниң Ермекбай деген тентек күйеў баласын алдына шақырып алып оннан «қәне, сениң қолыңнан не келеди?» деп сорайды. Сонда ол «Мен ең жақсы мергенмен, палўанман, дәўжүрек батырман» — деп жуўап береди. Ерназар күйеўиниң айтқанларының ҳәммеси керисинше екенлигин түсинеди. Усындай сораў Еркетайға да бериледи. Сонда ол` «Мен ҳәм мектеп директоры ҳәм китапхана баслығыман, ликбездиң инструкторыман, педкабинеттиң баслығыман, физкультурадан, қосықтан, сүўреттен, рус тилинен сабақ беремен, бесинши «в» класстың клас басқарыўшысыман — қулласы, жети жумыста ислеймен», — деп жуўап береди. Ал, өзи болса ликбезди питкерген екен.

Автор бундай «искерлер» ҳәм оларға ғамхорлық етиўшилер арасындағы ағайинлик қатнасықларды әшкаралайды. Бул жағынан қарағанда Ерназар бий ҳаққындағы әпсана жүдә орынлы қолланылған.

Өзлери алдына қойған творчестволық мақсетлерди иске асырыўда фельетоншылар оқыўшыға айтылажақ ойды, идеяны тереңирек жеткериўге жәрдемлесетуғын ҳәр қыйлы образларды пайдаланды. Оларға фельетон жазыўда Хожа Насратдийн де, Мольердиң Скапени де, рус ҳәм қарақалпақ ертеклериндеги образлар да хазмет етти.

1939-жылғы «Жас Ленинши» газетасының 116-санында Мыржазол деген автордың «Көз бояўшылар» атлы фельетоны жәрияланады. Бул фельетонда автор өтирик мағлыўмат бериўшилерди критикалайды. Автор көз бояўшылардың ҳпйлесин Насратдийинниң, Скапенниң ҳәрекетлери менен салыстырады, оғада көп нақыл ҳәм мақалларды ҳәм басқа фольклорлық мысалларды келтиреди. Фельетон Насратдийин афандиниң қудықтан суў тартып атырғанын сүўретлеўден басланады. Шелек бир шақаға илинип

қалады. Насратдийин төменге үңилсе, қудықтың суўындағы айдың сәўлесин көреди. «Сол екен ғой ишип турған» деп жипти қатты жулқып тартып қалғанда үзилип кетип, афанди шалқортасына түседи. Көзин ашып қараса, ай аспанда тур екен. Ол өзин-өзи жубатып, денесиниң аўырғанына, шелегиниң суўда қалғанына да қайыл болып, айды қудықтан алып шыққанына қуўанады. Фольклорлық шығармалардың образларын пайдаланыў шығарманы қызықлы, оқыўшыға жетимли етип турады.

1937-жылғы «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 32-санындағы «Ағабий аға» фельетоны өзлериниң оқыўшы қызларына сөз салып, отырыспаға еки шийше арақ әкелмеген балаларды сабап жүрген мәскүнем муғаллимлерди әшкаралаўға арналған. Фельетон ертек формасында басланады. Ғарғалар бир ғарры умытып қалдырған балықларды жеп отырады. Жеп отырып бир ғарға бир ғарғаға «Жей бер, пулың шықты ма» деп отырады. Буннан соң, мут арақты ишип мәс болған муғаллимлер пайда болады. Отырыспаның баслығы Ағабий образында бериледи. Ол өзиниң буйрығын орынламаған баланы сабаўға тәртип береди. Бийшара бала Ағабийге қарап жалбарынып «Ағабий аға, арзым бар, жуп шийше арақ қарызым бар» деп жыламсырайды.

Бул қатарларда Ағабий жаўыз патша, ал, оқыўшы салығын ўақтында төлей алмай мәўлет бериўди өтинип турған дийхан сыпатында сүўретленеди. Булардың ҳәммеси шығармада иронийалық формада алынған.

Фельетон қызық оқылады, ал мәскүнем басшыны Ағабийге салыстырыў бул унамсыз типтиң жеркенишли тип екенлигин анық көрсетип турады.

Биз сөз еткен фольклорлық мотивлер кең қолланылған бир неше фельетон өзлериниң тек идеялық—көркемлик жақтан қунлылығы, юморлық бағдары, таўып айтылған образлы сөзлерге байлығы менен ғана баҳалы емес. Соның менен бирге олар аўыз еки халық творчествосының қарақалпақ публицистикасының ҳәм пүткил қарақалпақ журналистикасының

раўажланыўына тийгизген тəсирин өз мысалында айқын дəлийллеўи менен де баҳалы.

1936-жыл «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 282-санындағы жəрияланған «Заўықшы муғаллимлер» фельетоны дəслепки фельетонлар көпшилик жағдайда газета хызметкерлери тəрепинен жазылды деген бизиң пикиримизди тағы бир рет тастыйықлайды.

Автор өзиниң фельетонын былай баслайды` «Қəлемди қолға алып, ҳəр тəрепке көзди салып, қалаға барып, оңбағанлықты таўып алып көпшиликтиң алдына салып... Жалқаўды жамбасына түртип, жемхорды желкесинен ийтерип, урының өңменине түйип, оңшылды ортаға салып жүретуғын газет хызметкери болғанлықтан ғой деймен, маған қайдағы қызық ҳəдийселер гезлесе береди».

Урыстың алдындағы жыллары ҳəр қыйлы темаға көп ғана жақсы, тəсирли, жаўынгер фельетонлар жазылды.

1941-жыл «Жас Ленинши» газетасының 32-санында жəрияланған «Сүй, бирақ ақылдан адаспа» деп аталатуғын фельетонда бузақылық, моральлық жақтан бузылған адамлар əшкараланады. Фельетонда «Бузақылық — бул муҳаббат емес» деген идея ашып бериледи. Бул идея онда айқын мысаллар менен тастыйықланады.

Ал, колхоз жумысындағы алдаўшылар «Телпекли теперишлер»[36], «Урыдан жалмаўыз туўды деген»[37] фельетонларында жақсы əшкараланады.

«Менғой» авторлығындағы «Семиз портфель» фельетонына нəзер салсақ фельетон ертек формасында баянланғанлығын көремиз. Мысалы,

«…Бир бар екен, еки жоқ екен. Биз бурын көрмеген соң билмейди екенбиз. Болмаса Хожели райпо столовойында семиз портфелли «сулыў» сымбат, шəддесил Шетенского деген болған екен.

---

[36] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1930,№30, авторы Сүңгиўир.

[37] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1934, №88, авторы Əлибек.

Бул ертеде болған ертек емес, алыста болған аўыз сөзи емес, жақында болған ҳәм усы күнде болып жүрген бир ҳәдийселер...»

Фельетонда асхана басшысы Шетенского дегенниң көз бояўшылығы, жарамас қылықлары сөз етиледи.

«Сақаллы Сағыйра» фельетонында[38] автор диалоглардан көп пайдаланған. Өз-ара сөйлесиў арқалы «қаҳарман»ның сиясий саўатсызлығын жақсы ашып бериледи. Мәселен, Дәлмен авторлығында жәрияланған бул фельетонды оқып көриўимизге болады.

«…22-унварь күндизги ўақыт...

Жай иши тар болсада, журтшылық жайғасып, томар қалағандай орнасқан. Есиктен кирген киси төрге өтиўге жол таппайдыда, төрден есикке қарай киси өте алмайды. ?ақыт биразға созылды. Колхоз председатели тамақ енди писеди деў менен көп отырғызды. Ҳәзирде сол келетуғын тамағын күтип отырмыз.

Жай ийеси пе?ке от жағыў ушын даладан усатылған омша алып кирди де, енди ишти қыздырыў керек болды. Биз ҳешкимди танымаймыз-ғой, сонлықтанда «қонақ қойдан жуўас» дегенди бетке тутып, тымтырыс отырып алдық.

—Болшевик қағысың қырашы,—деди жай ийеси шал сақаллы топал сарыға қарап:

—от-пот жағайық.

Топал сары «болшевик» дегенге марапатланбады, у ашыўланбады, умаса «неге олай дедиң» депте ҳеш нәрсе айтпады.

Еле тым тырысбыз. Бирақ топал сары кейинирек шегинди. Пе?ке от жағылып атыр. Бир киси қозғалсада жайдың тарлығы менен кисилердиң көплиги ҳәммениңде қозғалыўына мәжбүр етти. Бизде қозғалдық, өзимизде, көзимизде, тилимизде, үнимизде қозғалды.

—Отағасы, сорассақ айып етпессиз,—дедим мен.

—Сорасың, сорасың, бағанадан бери тыныш отырғанға дым индемейтуғын қонақ екен деп ойлап едим,— деди ол.

—Ширин болшевик екениңизти билмей отырған-ғой қонақта—деп шерип ле түсти.

Қолында қәлем, алдында қағаз, жазыўшы екенимди қайдан билсин, жай киси қусап түрткилеп отырдымда.

—Неге болшевик дейди журт сизди?—дедим.

[38] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1936-жыл авторы Дәлмен.

—Мен 1926-жылдан болшевик атын көтердим,—деди ол.

—Мәниси не?

—Мәниси: мен соннан бери совет хызметин ислеймен. Мен совет хызметин ислегенде бул кисилер ҳеш нәрсени билмеўши еди. 1931-жылдан партиу ис пенен.

—Мунының бир уллы атақ екен. Бағана билгенде сөзди бурынырақ баслар едик,—деп қолайластымда.

—Парторуг ким—дедим.

—Олда мен.

—Сиусий оқыў қалай баратыр?

—Райком үш айлық оқыўға шақырып тур.

—Өзиңизде ше?

—Өзим соған бараман ғой...

Ой сақаллы «сағыйр-ай».

Қып-қызыл болды. Бирақ оған бул қызарыў аз. Муны районлық орын партиу шөлкеми қызартыў керек.

Мунның адреси Төрткүл районы, Сахтиун аўылынан Қурбанбай Рейим улы»-сыяқлы сөзлерди көриўимизге болады.

Мақулбай авторлығындағы «Қорадағы қос қасқар» фельетонында ертеклерде қолланылатуғын қасқыр образынан пайдаланады. Автор фельетон «қаҳарманлары» болған Тайыр Жақыпов ҳәм Рейимбай Қалмухамметовларды қос қасқырға теңеп, олардың урлық ислерин сынға алып әшкаралайды. Автор фельетон «қаҳарман»ына төмендегише теңеў береди:

«...Үрпек бас, үйик қас, жумсақ көз, түрик ерин, айыў тис, түси сус бир орта жастағы қасқыр қақпаннан қашқандай көриниси менен еки қулағын тикирейтип, басының жүнин, үрпейтип, қорықтағы қораның сыртынан көз салды. Қора толы мал, жәниўарлар жай ғана гүйзеп, ҳеш нәрседен хабарсыз, өзи менен өзи болып жатқан тәризли көринди. Қасқырдың көзи шалғансоң тилин жалақлатып, тисин қайрап, көмекейин қозғалтып, азыўының суўын сорып, тамсанған түрде кеўили әлле нәрселерге кетип, қуйрығында қыймылдатып қойды.

Қалайда қоңыр қасқырдың малды көриўи бир әжеп нәрсе еди, оны оқыўшыларымыз фельетонның соңырағынан аңғара берер, енди екинши қасқыр менен қоңыр-биринши қасқырды ушырастыражақ. Өйткени қораға кириў ҳаққында ойласпаса биринши қоңыр қасқыр батырсына алмады. Неге десеңиз,—оның мәниси, қоңыр қасқыр бурын талай рет қораға жекке

киремен, ойласпай өзим билемен деп жүргенде қасқырға қурылған қақпанға түсип, оннан азар жаздырылды. Өз қылығының «рәҳәт»ин көрип «ҳәз» еткен сумғой шабаз...

Ал, екинши қасқырдың көзи бежирейип, денеси ылжыраў менен териси етине жабысып турған сыйқы бар еди. Деген менен тиси тасқа өтеди, тырнағы таў уңыйды, ашыўы келгенде басының төбе жүнин ғайбат ушын қоңыр қасқыртикинен кем үйретпейди. Оны былаўқылар көргенде көзи бежирейген үрпек бас қасқыр депте атаған болатуғын. Бирақ, бир нәрсени умытып баратыр екенбиз. Өйдегеним—неге десеңиз оның мәниси жаңа биз қоңыр қасқырды қақпанға түсип жаздырылды деп едик қой, мине сол қақпанға түскенде артқы оң ауғынан қуйрығы менен қосыла илиниўи себепли серипппеде тырнағы кетилип, қуйрығының ушы қанаңқырапта жүр еди. Егер мунумды көрген жаў, қақпанға түскенимди билип, енди услаў аңсат деп қуўыў қорқынышының қәўпинен де қуры емес еди. Сонлықтан тырнағы кемик қуйрығы қан қасқыр тырнағы өсиў таў үңгир қасқырға келип жулқынысыўын әбден керек деп пәследи.

Сөйтип, соның менен тырнағы кетик қуйрығы қан қасқыр қораны көрип қайтты. Көзи бежирейген үрпек бас қасқырға келип, көргенин ҳәм кеўлиндеги ойын айтты. Усындай оңаша қора излеп жүрген кәлле-қар үрпек бас көзин бежирейтиўди өзгерте түсип, питегене күлим қақты. Бул өзине қурылған дузақты үзип жаздырылған сум еди, алдыңғы ауғының төменги буўынын дузақ қыйып, соның жеринен ақсаңқырағанда жағдайы бар еди, мине жаңағы күлген ўақтында ақсақлығыда естен шығып кетти.

—Оныңыз бир мақул екен,—деди жымыңлай түсип.

—Мақул болса сен көмекши, мен басшы, гүйсеўге еринген тың ҳәм семиз ҳасыл маллардың турған қорасына кирген соң есабын өзимиз табамыз ғой,—деди қуйрығы қан қасқыр. Соның мәслигинен екеўи арман-берман қос ауқ атып жабысты да, кеўиллери көтерилип, қудайын танымаған сыуқлана берди, сирә олар шаңлақтың топырағын шашып, ҳаўаны тозаңқытты. Енди өзлериниң ым-жымын мынаў тозаң себеп болып, басқалар билип қоума, әлле-қәйтеди депте ойланған болды, тозаң көтерилген соң ол қасқырдың ылайсаңы екен деп журтшылықта қораларын қадағалап жүрди, бирақ қоңыр түс қуйрығы қан қасқырдың көрген қорасы бауғы турғанындай арқайынлықта еди, оны қасқырлар кирип исин ислеген соң сезикленбесе ийеси бир ақ кеўил еди...

Оқыўшыларымыз қасқырдың минез қулқын не ойын билген шығар, ал, енди олардың ислейжақ жумысы да биз айтпай өзлериңизге аун нәрсе ғой. Ҳәзир сол еки қасқырдың қылығын қос ауқлы жәниўарлардың ишинен шыққан қасқырға мегзес адамлардың исленгенинде көргенимизди айтажақпыз.

Өйткени, жаңағы қора дегенимиз Шорақандағы қарақалпақ торуқ дуканы болсындағы оның ийеси өзимиз көрип жүрген райпо баслығы Сандалин болсын. Дурысыеда да солай деп теңесек болады. Неге десең—

оның мәниси, қуйрығы қан қасқырға Тайыр Яқыповты уқсатып, үрпек бас, көзи бежирейген қасқырға Рейимбай Қалмуқамбетовты мегзетсек қабырысқан болмаспыз. Өйдегеним—оның себеби қоңыр қасқырдың қақпанға түсип, серппе арасында қалып, қуйрығы қанап, тырнағы кетилгендей бизиң Тайыр Яқыповтың да өткен совет сайлаўында азаматлық ҳуқықы алынып тас-тастан бир себеплер менен сүрниксе де жығылыўдан аман қалып еди, демек муны сүрнигип мурны жерге тийип, қайтқан десек тап өзи болады да турады. Ал, дузаққа түсип, шыжым жип ауғын қыйған үрпек бас, көзи бежирейген қасқырға усап—жаңағы айтқан Рейим Қалмуқатовтыңда Сарыбий деген қарақалпақ торуқ дүканында ислеп турғанында урлығы себепли 7000 манатлай ысырап еткенлигинен маңнайы жарқа тийип, маңнайының жоқарысындағы шашы кейинге серпилип кеткендей үрпек бас аталып жүргениниң жөни бар еди. Демек енди муныда өзиниң сыйқына сәйкеслендирип маңнайы жарқа тийген үрпек бас десек көпшилик үстинен шығар диймен...

Ал, енди сөйтип—соның менен дүканға баслап сүринип мурны жерге тийип қайтқан ақаңыс киреди де, өзи сиңисип алған соң, маңнайы жарқа тийген үрпек басқа келеди. «-арға ғарғаның көзин шоқымайды» деген халық мақалын усыманда келтирсек бизиң айтып отырған үрпек басларымыз бирине-бири сүликтей қатысып, тистесе сүйисиўи тән емес.

—Мине, сөйтип... нетип... не қылсақ,—дейди мурны жерге тийип қайтқан езиўин кере түсүп басының шашын кирпиниң тикениндей ҳәррейстирип.

—Нетип... не қылыўды келистиремиз қой деп маңнайы жарға тийген шашын үрпейтиў менен мақуллай қалады.

Көргенде «я пирим-ай-й...» дийсең-аў. Неге десеңиз—оның мәниси Тайыр дүканның бас сатыўшысы ғой—аўа деңисши... Мине енди ол өзиниң қысыў таўып, Рейимин қасына алмасын ба? Түсинген шығарсыз...

Бирдейги көринис көзи жумық, ерни қымық, түси суўық, қабағы қасына жуўық биреў өзиңизге белгили Тайыр еди дағы, жанапайшылардың жанапайшысы қусап, мурныңның еки тесигинен шыққандай шығып, «хып...п...» деген ўағыңыздағы оның... тесик ишине тартылып кеткениндей—Тайырдың ымы менен кирип жүрген Рейим еди. Олардың қас қабағына қарап турған аўылдың дийханы. Советтиң хызметкерлеринен Керимбаев, Айтбаев тағы басқаларда нәўбетте тур еди. Миллети таў қопарғандай болып биреўди былай, екиншисин олай ийтерип келген, ишинен сумлық уу салған, менен саўда жолын гезген, арзан малды қымбатқа өткериўдиң методына айрықша кеўил берген Бектурғанов, Кенжебаев, Атажанов, Мәдеминов, Тәжи-Матсапа қусағанлар топ-тобы менен, қантты уиик-уиики менен көтере жөнейди—дийсең, сирә көзиң қызыққа қонатуғын жер сол кара болды да турды...

...Жақында биреў тағы 1935-жылдың 16-ноябриндеги усы аўҳалды ҳәм 18-декабринде болған колхозшы алған майлардың өлмеўден кем шыққанын, __ келип__Сандалин, Дилманов, Ерманов, Дәўлетовлардың тексерип, 50 кг

ақ майдың орынсыз жоқлығы ҳаққында жасалған актты жәнe 1936-жылдың февралында (2-3 күнги) дүканнан үйине алып баратырған еки ақаныстың 300 метрдей товарын «қызыл милиоиу» колхозының ағзалары услапты деген хабарларды да гүрриң қылып, нәм-нәҳан әңгиме туўдырғысы келеди. Гей биреўлер «олар тек адам емес» депте қойды. Өйткени, бир кисиниң—рай.прокурор Кенбаев пенен бул еки отағасының халақасы жалғасықлы деген сөзи қулағыма келгенде менде не айтарымды билмей турып қалдым...

...Оқыўшыларымыз фельетонды оқып шықтыңыз-ғой. Басы «Қорадағы қос қасқыр» болғансоң, биз қора деп дүканды, қасқыр деп оның ишиндеги еки сатыўшыны айтқан соң, бул қорада саўдагер не қылып жүр, Кенбаевиңиз неси тағысын-тағы деўиңизге ҳақыңыз бар. Неге десеңиз оның мәниси, бул аўҳал бурыннан мәлимленип, тийисли жерине берилсе де еле тексерилипти ғой. Сонлықтан сизиң де оқыған фельетонда көрсетилген фактлердиң тексерилиўине қарсылығыңыз болмас деп қолымда барларын алдыңызға усындым»- бунда көбинесе жупкерлескен прозадан пайдаланылған.

«Қыз десе қуўжың-қуўжың»[39], фельетоны ҳаял-қызлардың бахтын, олардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўға арналған.

«…Ешейинде ашыўының барлығы мурнының ушына шығып, танаўы тырсыйып, кеңсириги қуўсыйып, бир нәрсени кеўли сүймесе сәдделей тәп беретуғын «айбы-қәддем» атанған «До»ның қыз қасында турғанын көргенде ҳайран болып, таң қалып «түпәләм» деп жағаңды услайсаң. «Қыз көрсе қылығы жаман емес-екен ғой байғустың, қуўжыңлаўын қараңызшы...» дийсең.

Соннан кейин «О» менен «С»ниң сылайыда сырт көринислери менен кисиге байланысыў ретине қарағанда қызға «қуллық» етиўин 24 таўық туқымы менен 4 шереклик ақ суў жәнe 6 шөрек нанның кепзесине мингеннен кейинги көринисин көрип, «булардың бир нәрсеси бар ма, мыналар қалай қуйқулжып қала қойған, адамның уулшағы индемеси деген-ақ жигитлер еди ғой» деп тағы жағаңа қолыңды апарасаң.

Бул бизиң «Н...» мектебиниң директоры, муғаллимлери болған соң жәнe қызлар сол мектептиң оқыўшылары болғанлықтан рети келген соң айтылып атырған әңгиме. Ал, бизиң фельетонымызда буларды ишине алмай, тек—олардың қызларды оқытып, тәрбиулап, коммунистлик тәлим бериў орнына тәбийғый тилегин орынлаў махсети менен «ҳарам» нәпсиниң әўересине берилгенлигин ғана ескертип, усы тақылеттеги бир қатар «қыз» десе қуўжың-қуўжың ететуғынларды көрсете жақпыз.

---

[39] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1936-жыл, 27-март №71 автор Д.Назбергенов.

Неге десеңиз оның мәниси Тахтакөпирде бир муғаллим болыпты дийик. Ол 2-аўылдағы мектепте жас балаларды оқытып, тәлим бериў миннетин мойнына алған (хабаршының айтыўы бойынша) Байымбетов дейтуғын бир көрсе-қызар, деп айтайық. Мәселенкиден—сол Байымбетов 8-март күни халық сотының алдына шығарылып, қалың массаның арасына айыпкер болып келгенинде сот ағасының:

—Жақсыбийке неше жаста еди, деген сораўын:

—Олма (төмен қарап, қызара түсип) сот аға несин сорайсыз... жасы ҳәзир 14-15 ке келген шығар деп жуўап берипти ғой.

—Ҳәзирме.

—Аўа ҳәзирги жасы.

—А, сен хауллыққа алғанда неше жаста еди?

—Оннан бери үш жыл болды (1933 ж.) өзиңиз есапласаңызда болады ғой, депти «бетсиз» қуры маңлайы менен турған кисише уутсыз Байымбетов.

Суд ағасы бул ўақта жас қызлар жөниндеги нызамның статьусын дурыс қолланатуғынын өзиниң аунышлы ҳәм түршиккен түринен көпшиликке көрсетип қойды. Бирақ қыз байғус наданғой... Оның наданлығынан биринши муғаллим Байымбетов менен күйелеген болса, екинши мәртебе Хожамуратов деген дус болып, демек, 14 жастағы қыз—Қәлбийке уўыздай ылжырап турған ўағында «еки күйеўге тийди» деген ат алады. Суд болған киси прокурор болған киси буларды көргенде қалай қәҳәрленбес, сомандағы көпшиликте. «Ҳарам нәрсели ҳайўанларша» урынған Байымбетов пенен Хожамуратовты бәледен бетер жек көрип, олардан жеркенип, басты алып қашатуғындай көринди. Сонда суд турып Хожамуратовқа:

—Қыздың жас екенин билмедиңбе? деди.

—Оны Байымбетов билмеди мекен.

—Оны сен билген ўақта тийисли жерлерге мәлимлеўди ойламадыңба деди суд тағы.

Бул ўақытта Хожамуратов индемеди. Индеўге де бети шыдарма? Не дерин билген жоқ. Айып өзинде екенин таныған кисидей турдыда қызарды.

—Адамгершиликти ойлайтуғын кисиниң түри емес.

—Нәпсиге берилген... қой дести ҳәр жерден журтшылық.

Мундай аўҳалды Жапақов деген биреўде ислеген. Ол Рейимбай қызын 11 жасында хауллыққа алған. Еки жыл хаул етип, үшинши жылға қарағанда ___улы деген айнытып алған. Қыз ҳәзир 14 те. Булда Қәлбийкениң сыңарындай. Оқымаған надан қызларды жаслай усы аўҳалға ушыратыў болған. Бул районнан алыс аўылдың түпкиринде—елеспесиз жүре берген-ғой.

«Қызды ким сүймейди, қымызды ким ишпейди» дейди де биразлар қызға сөз айтыўды хәўесленеди. Тек булай қарай күтә надурыс болар еди. Ешейинде аз сөйлеп, көп ойланыў менен-ақ, ўақытты өтириўшилер «қызды көрсе шекеси қызып, қуўжыңлаўдың кейнин қыйқаңгерликке ушыратады. Оның мәниси, жаңағы айтқан ҳарам нәпсиге берилиў. Оның мәниси наданлықтан пайдаланыў.

Бул аўҳалды жаслардың пикирин аласлаў ушын, ҳаул-қызлар арасында нызамға сыймайтуғын бузақылықлардың ушыраспаўы ушын ислерди раўажландыратуғын ўақыт жетти… »

Парахорлық, ҳәмелпаразлық, жеке мәпти гөзлеўшилик Дәли Назбергеновтың «Қулақ қағыс» фельетонында әшкараланады.

«…Январьдың 24 и, күндиз...

Жолдасым кеше кетти, ол уже үйинеде жетти. Бирақ мен қалып қойдым, ауз өтип, суўық урғансоң Сақтыйаннан Төрткүлге жауў келиўде қыйын тәризленди. Байқус бир ҳаул бар ишинен жаны ашығандай, ол мени жақсы күтеди, «себеп пенен келген соң аўырыўынан саўалып кетсе екен» дейтуғын дағы. Бул аўыл советтиң секретары Қулымбетовтың ҳаулы.

—Басыңыз еле аўырыўма, шай-пай ише аласызба, дуз татпадыңыз, қыйын болды-аў,—дийди ол.

Ыңқылдыны назлана созып жатқан мен қозғалып:—От жақсаңызшы деймен.

Ол байғус от жақты. Пе? қызды. Оттың ҳәўири менен балқып, денелерим жибисе баслаған тәризли. Бийик дастыққа сүйенип, көрпениң бир шетин төсендим де екинши шетин қымтып жамылдым. Сол жатыста көз уйқыға кетипти, кеўил мылқаў тым-тырыс сыуқлы...

Әллен өмирде бас ушына азғана гүңкилди еситилди. Сөзлери әжептәуир гәптиң қызық лейкини бар сынлы. Балқып жанған бойыма суўықта кирди, деген менен сөз тыңлап, мәнисине түсингендей ҳалым бар, әсиресе от жағып пе?ти ысытқаннан кейин терлегенде қусайман.

Сүйтип—дейди бир турпайы даўыс—соны солай қылыў керек. Болмаса не боларын өзиңде абайлаған шығарсаң.

—Әлбетте—дейди таныс даўыс оған мениң қарсылығым жоқ.

Бул бир жүрекке жумбақ болды. Уйқысыраған кисише еплеп бир қозғалдымда, қулаққа сөз әсери келетуғын жерди ашыбырақ қойдым. Турпайы даўыс шәйнегинен бир кесе майды қуйып, қолына алып, жай-жайўат сөйлеп отыр. Сирә пикирли киси-аў, дым айнымайды кәлле-ағар...

—Председателди қайта сайлаўға көпшиликти үгитлеў керек. Ол ушын ҳәр бригады да айырым жасырын түрде жыйнақ еткениниң зиуны жоқ. Сонда сен председателдиң иси ҳаққында көпшиликке ахбарат айт. Әлбетте

кемислик көп қой, былайынша жағынан да қос. Жыйнаққа өзим қатнассам көпшилик ўәкили болып сөйлейди мойныма аламан.

—Сөйтпесе болмас. Пахта планын толтырған председател деп район муны сүйестириўде мүмкин дийди таныс даўыс. Гәптиң мәниси енди түсиникли болды. Мәселе председателди жаманлаўға көпшиликти үгитлеў екен. Муны тыңлай бердим. Жүдә көп сөзлер болып өтти.

—Ал, онда солай болсын,—деди турпайы даўыс,—буған тез кирисиў керек, мен ҳәзирше қайта тураман. Сен есаптан оннан-муннан председателдиң кемислигин таўып, материалын жыйна. Жаңағы жыйналысларды оннансоң өткериў аңсат қулақ-қағыс еткеним...

Мақул. Бууғы тайын деп таныста даўыста орнынан турды. Булар майданға шықты. Менде еплеп қыймылдап бир аўдарылып түстимде көрпени көтерип, көзим аштым, көп жатыўға иймендим. Турып-отырдым. Колхозда группа бар екенин билгенсоң ўәкилде жуўапкер-ғой, оны қалайда шешиў керек. Бирақ мен турақлы ўәкил емес, сәл туралсам кетежақпан, мени ис күтип тур. Сонлықтан тез буны сорастырдым, гәптиң тийкары мынадай екен.

...«Коммунист» колхозының председатели Балта Сатлық улы 1931-жылдан басшылық ишинде. Быйыл колхозы бойынша пахта таурлаў планын 135 прооент орынлаўға себеп болған актив екен. Деген менен ол өзбек. Колхозда қазақларда бар. Активлердиң көпшилигиде қазақлардан. Муны көбинше тис қаққанырақ Халеке усағанлар елестиреди екен. Жаңағы келип, гүңкилди еткенде сол Халеке дейтуғын сум екен. Председателге қарсылықты көпшиликтен шөлкемлестириў ушын ес билерлик активлерди айландырып, таныс даўыслы колхоз есапшы Нурымбет Қулымбетовқа жаңағыны айтып отырғаны екен.

Әлбетте әмелпаразшылықтан хабарсыз емес. Колхозда председателликке таласыўшылық активлер арасында көп орын алғанлығы абайланды. Мунaң басынан ауқ тексериўди мен райзоқа ҳәм МТС ға усынғым келди де қолыма қәлемимди алып, алдыма қағазымды жайдым. Дурысында колхоздың ҳәзирги председатели Балта Сатлықовтың таза ҳәм жүдә актив екенлигине кепил бола алмайман, бирақ, урыў таласы менен әмелпаразшылықты шолыўдың керек екенлигин талап етемен.»

Саўда тараўындағы кемшиликлер Әлибектиң «Сасыған замарықлар»[40], «Қошқаровтың былығы — өзине питкен қылығы»[41] фельетонларында жүдәма жақсы келтирилип өтилген.

Фелетонларда соның менен бирге жазыўшылардың, илимпазлардың өзлери де сынға алынып турды. Мәселен «Шәрикбай шайыр» фельетонында

---

[40] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1934-жыл №138

[41] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1936-жыл №289.

талантсыз шайыр портрети жасалса, М.Халназаров «Әдебият урылары»[42] атлы фельетонында плагиатларды әшкаралайды.

С.Әлмуратов деген автордың «Атақ-атақ, атақтан шыққан шатақ»[43] фельетонында белгили илимпаз Нәжим Дәўқараевты сынға алып жазады. Яғный, автор соңғы жыллары Н.Дәўқараевтың баспадан шығарған сабақлықларындағы кемшиликлерди айтып өтеди.

«…Айналайын сәллем сеннен, ҳеш ким гүман етпес меннен» деген екен бурынғы ўақыттағы бир халық алдаўшы суўпы. Сол айтқандай, Нәжим Даўқараев та «жаңылысымды айтыўшы адам болмас, мениң жаңылысымды ҳеш ким таппас! «Даўқараев» деген атағым саў болса, маған сирә кир жуқтырмас» деп өз атағына өзи мәс болып, кемесин қырдан айдап жүрген усайды.

Бурын оқыў китапларын көп жазбаған болса да, 1938-жылы бирден 5-6 китап шығарды. Бундай көп олжаны демде қайдан тапқанын билсе, өзи билетуғын шығар. Бирақ, биз билмедик.

«Киснеген аттың үйирин көр, мақтанған жигиттиң үйин көр» деген, және Даўқараевтың китабын көрейик деп, ҚҚАССР Наркомпрос тастыйықланған 1930-жылы Москвада Кенжебай Убайдуллаевтың жуўаплы редакторлығы менен он мың дана болып екинши жола басылып шыққан, ҳәр қайсысына 65 тийин деп баҳа қойылған Н.Дәўқараевтиң балалар ушын жазған «Әлипбе» китабын көрдик. Бул балалар ушын жазылған әлиппе болса да күтә уллы форматта болған, 83 бетли китап екен.

Бурыңғы әлипбе жазыўда қолланылып жүрген пүтин сөз усылының балаларды тез ҳәм жақсы саўатлы қылыўға пайдасы аз болғанлықтан, ол усыл көп сыналып жақсыналап жақсы нәтийже бермегенликтен оның әмелден қалдырылғанынан хабары бар адамдай ҳәрекет қылып, мына әлипбени сес усылы менен дүзген болыпты. Бирақ, әлипбе ол айтқандай жақсы болмаған. «Әкеңниң май дегени торақ шықты, шешеңниң пышақ дегени орақ шықты», дегендей сес усылы менен жазылған жақсы әлипбе балалар дегенимиз пүтин сөз усылы менен жазылған әлиппеде де жоқ, балаларға күтә зыунлы, муғаллимниң де шырайын шығармайтуғын гүнаға батқан екен.

Даўқараев тек китаптың көлеминиң үлкен болыўына, гонорардың көп болыўына кеўил бөлген.

Дидактика жағынан қарағанда да шатақлар көп. Балалардың оқымаған, өтпеген ҳәриплеринен сөз қурапты. Мысалы ушын айтайық: әлипбениң 46-бетинде «Ә» ҳәриби ҳәм соған уғрас сөзлер берилген болса, сол сөзлердиң арасына «Совет» деген сөзди қосыпты. Ал, енди «Совет» сөзиндеги «В»

---

[42] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1941-жыл №83.
[43] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1939-жыл 21-ноябрь №266.

ҳәрибин балалар қай айда, қай күнде оқыды ҳәм өтти, деп сораған сораўға «В» ҳәриби еле узақ жатыр, оған барыўға көп күн бар, «В» ҳәриби оқылыўы жағынан гүллән ҳәриптиң соңынан келеди, ол әлипбе китабының 53 бетинде деп жуўап берер едик. Аўа, дурысында да, солай, биз у редактор Убайдуллаевтың кеўлине қарап, Н. Даўқараевтың атағына қарап, оның балаларды «мий-алаң» қылыў ушын жазған әлипбе китабын сынамай мақтай алмаймыз, дурысын айтамыз. Әлипбениң 49-бетинде «х» ҳәриби ҳәм соған уғрас сөзлер берилген болса, сол сөзлердиң арасына «стахановшылар» деген сөзди де қосыпты. Стахановтың биз ким екенин жақсы билемиз, ислеп шығарыўда жер жүзинен озған хызмет батыры екенин де билемиз, оның Украинада туўылғанында билемиз.

Мәселе онда емес, мәселе балалардың оқымаған, еле өтпеген, әлипбениң 53-бетинде келетуғын «В» ҳәрибин, әлипбениң 49-бетинде бергени, соның менен 10 мың, 20 мың баланы «мий алаң» қылып, балаларды муғаллимге наразы қылып, сол себептен олардың ата-анасын және муңайтып, оларға себепсиз «баламның зейни жоқ» дегизип қойғанда ҳәм сол себептен бирнеше мың баланы класстан атлатпай тусап қойғанында, мине мәселе сонда.

Әлипбениң 50-бетинде және «В» ҳәрибин қолланып гәп дүзген, сол гәпиниң ишинде «автомобил» деген сөзлер бар. Ал, енди «В» ҳәриби қайда, китаптың қай бетинде деген сораўға, биз «В» ҳәриби ҳеш қайда кеткен жоқ, өзиниң сол баўғы Даўқараевтың қойған орнында, былайынша айтқанда әлипбе китабының 53-бетинде деймиз. Еле «В» ҳәрибине жетпекке көп жоллар бар, ҳәзир оған Даўқараев менен Кенжебай Убайдуллаевлар әлипбе бойынша жеткен болмаса, әлипбе оқыўшылар жеткен жоқ деймиз.

Әлипбениң 51-бетинде «Ф» ҳәриби ҳәм соған уғрас сөзлер берилген болса, сол сөзлердиң арасына «совет» сөзин және қосқан. «В» ҳәриби еле баўғы өзиниң әлипбедеги 53-беттеги орнында тур. Ол еле өзиниң 53-беттеги гезегин күтип тур. Гезексиз өзиниң камалына келиў, келмеўине қарамай, оны өзинен жоқары 51-беттеги «Ф» ҳәрибиниң есигинен тығып, соған тийсеңде тий, тиймесеңде тий деп жүрген Убайдуллаев, Даўқараевлардан 53-беттеги «В» ҳәрибиниң дым хабары жоқ.

Бул енди тек үстинен қалпып алып көрсеткенимиз. Әлипбениң улыўма қурылысы жағынан, сөз дүзилиси ҳәм дүзилиси жағынан, бар кемшиликти әлипбе бөлиминдеги ҳәм әлипбениң, әлипбеден соңғы бөлиминдеги кемшиликлерди толық жазыў ушын бир газеттеги мақала жетпейди, және бир критика китабын шығарыўға туўра келеди.

«Түйени жел ушырса, ешкини аспанда көр» дегендей, әлипбесиниң екинши дүзетилген баспасындағы кемшилиги усы болса, әлипбесиниң биринши баспасында, буннан да қызықларды көре алажағымызға ҳеш гүман жоқ. Бул әлипбе жарамайды. Әлипбеге опе?атқа бериўге болмайды.

«Қазаншының ерки бар, қайдан қулақ шығарса» дегендей, не жазсақ сол басылады. ҚҚАССР Наркомпросы китабымызды беките береди, балаларға не берсек соны оқыйды деп «кеўилиме келеди, қонышымнан басаман»лық

менен дурыс емес, бурыс китапты жазып, мәмлекет баспа сөзин көп зиунда қалдырыуға болмайды. »

Фельетонлардың жәмийетлик әҳмийети үлкен болды. Соның менен бирге олар прозаның раўажланыўында да үлкен роль ойнады. Бул публицистикалық жанр көркем прозаға жүдә жақын еди Көпшилик жазыўшылар дәслеп фельетон жанрында иследи, тәжирийбе топлады ҳәм өзлериниң шеберлигин жетистирди. Мысалы, Дәли Назбергенов әжайып фельетонлар жазды. Бул тәжирийбе оның дөретиўшилигине жақсы тәсир жасады.

Әлбетте, барлық фельетонлар идеялық көркемлик жақтан бирдей емес еди. Деген менен, тутасы менен алғанда, фельетон урыстың алдыңғы жылларында (ҳәм буннан соңғы жаллары да) әдебиятымызда унамлы қубылыс болды.

Усы дәўир ишинде, бирақ фельетоннан сәл кейинирек қарақалпақ баспа сөзинде очерк жанры да пайда болды.

«Очерк — турмыста ҳақыйқат бар адамларды, реал турмыста болып өткен ўақыяларды сәўлелендиретуғын жанр»[44].

Бул журналистиканың көркем-публицистикалық жанрлары қатарына киреди. Турмыслық факт, ўақыялардың реал қатнасыўшылары очерктиң тийкарын қурайды. Бирақта очеркте жазыўшы турмысты көз жумып көшире бермейди. Бул жерде де көркем жуўмақлаўға, типлестириўге тийисли орын берииўи тийис. Очерк жазыўшы автор турмыстан ең характерли фактларды, ўақыяларды, характерлерди таңлап алады ҳәм сол арқалы өмирдиң типик қыбылысын ашып береди, типик образлар жасайды. әлбетте, турмыс фактларын таңлаў очерк жазыўшының турмысқа қатнасынан, дүньяға көз қарасынан, қайсындай идеяны жырлаўды алдына мақсет етип қойғанлығынан ғәрезли болады.

Дәслепки қарақалпақ очерклериниң әпиўайы газета хабарларынан айырмасы аз еди. Авторлардың өзлери де оларды «очерк» деп атамады.

---

[44] Богданов Н.Г., Вяземский Б.А. «Справочник журналиста», Ленинград, 1971-г., стр-283.

Шын мәнисинде олар очерк жанрын дүзиў жолындағы дәслепки талпыныўлар еди.

«Шорахат хатлары»[45] атлы очеркте аўылдың өзгерген жаңа турмысы, колхоздың дәслепки табыслары сөз етиледи. Бунда ҳәммеси сәтли шыққан деп айтыў қыйын. Ўақыяларды қурғақ баянлаў, үстиртин сүўретлеў биринши қарақалпақ очерлериниң бәрине тән улыўма кемшилик еди. Деген менен, бул дәўирде көркем очерктиң пайда болыўының өзи қуўанарлық факт болды. Дәслепки очерклердиң авторлары журналистлер, газета хызметкерлери болды. 1920-жыллардың ақыры менен 1930-жыллардың басында очерк гүрриң ҳәм фельетонға қарағанда әззирек, әдеўир әстелик пенен раўажланады. Тек 30-жыллардың орталарынан кейин ғана қарақалпақ баспа сөзинде жетилискен очерк жанры раўажлана баслады.

Бул дәўирдеги қарақалпақ очерклеринде республика турмысының әҳмийетли ўақыялары сәўлелениўин тапты.

«Очерк — оператив жанр. Усы дәўирдеги жазыўшылар өзлериниң очерклеринде колхозлар, «Қыз кеткен», «Сүўенли» каналларының қурылысы, бағманлардың, тракторшылардың, жипекшилердиң мийнети ҳәм басқа да өзгерислер туўралы жазды»[46].

Д.Назбергеновтың «Кәраматлы адамлар» очеркинде[47] Ленин жап, Сүўенли каналын қурыў ўақтындағы партлатыўшылардың мәртлик ислери туўралы сөз болады.

Автор канал қурылысында қаҳарманлық көрсетип атырған әпиўайы мийнет адамларының, соның ишинде, әсиресе, канал қурылысының таўлы жерлеринде партлатыў әпиўайы ўақыяларының ишинен зәрүр моментти шебер таңлап ала билгенлиги менен айырмашылық етеди. Ал, «Бағман»

---

[45] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1932-жыл №105.
[46] Нурмухаммедов М.К. «Шығармалары II том», Нөкис «Қарақалпақстан», 1985, 49-бет.
[47] Булда сонда.

очеркинде[48] болса жазыўшы биринши дүнья урысы жылларында Одессада болған тәжирийбели бағман туўралы жазады.

Н.Дәўқараев өмирдиң ўақыяларын жүдә әпиўайы, турмыс шынлығына жақын етип сүўретлей алады. Сонлықтан оның шығармалары үлкен қызығыўшылық ҳәм ықлас пенен оқылады. Оның «Бахытлы мийнет» атлы очерки[49] Ленин жап, Сүўенли каналының қурылысына арналады. Ол әсиресе мийнетте ерлик көрсетип алдыңғылар қатарына шыққан қазыўшы жигит Садулланың өткендеги ҳә ҳәзирги өмири туўралы толығырақ сөз етеди.

Ал, Асан Бегимовтың «Қыз кеткен арна» очеркинде[50] де Қыз кеткен каналы қазыўшыларының аўыр мийнети, олардың аўыр жағдайда да жумыс ислеўи, мәртлик мийнетлери сөз етиледи.

Урыстан алдыңғы жыллары қарақалпақ баспа сөзинде бул жанрдың жаңа тараўы тарийхый очерк раўажланды. О.Кожуров ҳәм А.Пидахметовлардың «Ески қалада» атлы тарийхый очеркинде авторлар ески Шораханда  чай ишип отырып, қаланың бузылып қалған ески дийўалларына көз жиберип, қарақалпақлардың тарийхы ҳаққында, Шорахан қаласының келип шығыўы әййемги Гүлдирсин қаласы, Төктиң таўы ҳаққында гүрриң қозғайды. Өзлери ҳаққында, өткен өмир ҳаққында айта отырып, ҳәр қыйлы әпсаналарды келтирип, оқыўшының көз алдына тарийхый турмыстың реаль картиналарын сәўлелендире алған. Бул авторлардың үлкен утысы. Мысалы, гүрриңниң барысында авторлар Ныязымбет шайтан деген бир жарлының аянышлы тәғдирин еске алады. Ол бир күни Гүлдирсиннен көмиўли жатқан көп алтын таўып алады ҳәм дәрҳал барып Байеке улы Садық болысқа айтады. Болыс барлық алтынды оннан тартып алады. Кейин алтынның бир бөлегн урлап қалғансаң, — деп оны сабай береди. Ақырында Ныязымбет өледи. 1916-жылы бул жаўыз болысты көтерилиске шыққан мийнеткешлер өлтиреди.

---

[48] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1939-ж. №226.

[49] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1939-ж. №263.

[50] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1935-ж. 30-апрель №98.

Бул әпсана оқыўшының көз алдында өтмиш дәўирди сәўлелендиреди.

Қ.Айымбетовтың «Кегейлиниң жағасында» очерки[51] де тарийхый шығармаға жақын. Онда Кегейли ҳәм Шымбай районларының дүзилиўи, бул қалаға конысласқан қарақалпақлардың турмысы өз сәўлелениўин тапқан.

Екинши «Төрткүл»[52] деп аталатуғын тарийхый очеркинде Қ.Айымбетов ҳәр қыйлы аңыз-әпсаналарға тийкарланып, Төрткүл қаласының келип шығыў тарийхына байланыслы мағлыўматлар береди.

«Тарийхый очерклер халық тарийхының ҳәр қыйлы әҳмийетли моментлерин қысқа ҳәм анық етип айтып бериўи менен қызық еди. Ўақыттың өтиўи менен очерклердиң тематикасы да кеңейип барды.

М.Дәрибаев «әзербайжан аўылында» деген очерк жазды. Очерктиң темасы ҳәм идеясы әзербайдан аўылының бахытлы турмыста жасап атырғанлығын көрсетиўден ибарат. Бирақ, шығарма ҳәлсиз шыққан. Шығармада айтылып-айтылып қалған сыйқақ теңеўлер көп».

Д.Назбергеновтың «Алтын қырпақ»[53], «Бегжаплы бахытлылар»[54] очерклеринде колхозшылардың турмысы, мийнетлери өз сәўлелениўин тапқан.

Автордың «Тоғызыншы бригада»[55] очерки де колхоз алдыңғылары ҳаққында сөз етиледи. Очеркте «Биз колхоздың баслығы менен киятырмыз. Баслық жас жигит. Ол бизди пахта атызына қарай алып киятыр. Егилген пахта атызларға қарап, көгерген пахта өсимлигин көрип кеўлимиз өсиўде. Баслық ҳәр атызға келгенде айрым-айрым тоқталады, ҳәр қайсысы ҳаққында қызықлы гүрриң айтады»... деп автор көбинесе аўыз еки сөйлеў стилине тән сөзлерден көбирек қолланады.

Урыстан бурынғы жыллары очерклер тийкарынан газеталарда басылды. Авторлар қурамы ҳәр қыйлы еди. Олардың көпшилиги газета хызметкерлери болды ҳәм хабарларға көбирек усайтуғын еди.

---

[51] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1939-жыл №149.
[52] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1940-жыл 9-декабрь №283.
[53] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1936-жыл №30.
[54] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1935-жыл №262.
[55] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1938-жыл 21-май №114.

Бундай көркем очеркке жақын мақалалар, газета хабарлары темасының, мазмунының айрықша актуаллығы айрылып турды.

Мысалы, Д.Назбергеновтың алдыңғы тракторшы қыз Айым туўралы сөз ететуғын «Тракторшылар»[56], Х.Сейтовтың «Талантлы қыз»[57], Қ.Мамбетовтың «Таңатар»[58], М.Қалназаровтың «Алдыңғы колхоздың пахта атызында»[59] мақалаларын усы қатарға қосыўға болады.

Аты аталған шығармалар толық мәнисинде очерк жанрына кирмейди. Олар очерк пенен газеталық хабар мақалалардың еки аралығынан орын алады. Ең жақсы газета мақалалары композициясы бойынша очеркке жақын турды ҳәм бул жанрдың қәлиплесиўине белгили дәрежеде тәсир етти. (Газета мақалалары очерктен бурын пайда болған еди).

Очерклердиң ишинде жақсылары да болды, соның менен бирге реңсиз, тез умытылып қалатуғын бир мезгилликлери де болды.

Турмыс материалын жазыўшылық позициядан баҳаламастан, жуўмақламастан өз турысында объективлик баянлаў менен шекленген шығармаларда болды. М.Дәрибаевтың «Барса келместе» очеркинде аўылға коллективлестириў мәселеси бойынша ўәкилдиң сүўретленеди. Ўәкил Гүлзар деген қызға ашық болады. Автор ўақыяларға өзиниң баҳасын береди.

Әлибек авторлығындағы «Қызыл байрақлы Сайыпназар» очеркинде жазыўшы Сайыпназардың мәртлик мийнети ҳәм улыўма мийнет қаҳарманы туўралы сөз етеди. Бирақ бул очерк те қурғақ тәрийплеў менен шекленген.

Бул сыяқлы писип жетилиспеген очерклер урыстан алдыңғы дәўирде әдеўир көп болды.

Ал, тутасы менен алғанда очерктиң әҳмийети айрықша үлкен болды. Ол өз ўақтының барлық актуаль өзгерислерине, ўақыяларына өз ўақтында жуўап берип отырды.

Екинши бабымызға жуўмақ жасай отырып, «Еркин Қарақалпақ» (Соңынан «Қызыл Қарақалпақстан») газетасы күнниң әҳмийетли ўақыясын

---

[56] «Қызыл Қарақалпақстан» газ., 1936-жыл №78.
[57] Булда сонда, 1940-жыл 7-октябрь, №232.
[58] Булда сонда, 1939-жыл 8-февраль, №31.
[59] Булда сонда, 1940-жыл 21-октябрь, №244.

баянлаўда оператив хызмет ететуғынлығын көремиз. Газета бетлеринде хабар, фельетон, очерк жанрларын көремиз. Сын материаллар көбирек «пелетонша», «пелетоншылық» сыяқлы айдар астында бериледи. Булда дәўир талабы болса керек, өйткени, бул дәўирдеги күнниң әҳмийетли жумысларында иркилис жасаўшы ўақыя-ҳәдийселер сынға алынған.

Газета материалларының тематикалық бағдарын үйрениў барысында төмендегилерди анықладық`

—Суў менен тәмийинлениў мәселеси. Бул бойынша газетада очерк, фельетон, есап жанрларында мақалалар жәрияланған.

—Билимлендириў системасындағы мәселе. Бул темадағы материалларда сын пикирлер көп. Олар оқытыў системасындағы муғаллимлер ҳаққында, ликбез ашыўдағы машқалалар ҳаққында материалларға көп орын берилген.

—Мақала авторлары өзлериниң исми-шарифлери жасырын түринде бериледи. Буларға «Қоян», «Менғой», «Өткир», «Қылыш», «Барған адам», «Барған биреў», «Жаны ашығыш», «Жан арыслан», «Мақулбай», «Биреў», «Сезгиш», «Толқын», «Ем», «Тепериш», «Анықсыз», «Жан», «Демеў», «Көрген биреў» ҳәм басқа да сол сыяқлы жасырынша берилген. Бизиң пикиримизше бул әдебий лақаплар артында газета хызметкерлери турса керек. Буларды келешекте еле де толық изертлеп, анықлық киргизиў зәрүр.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Жуўмақлап айтқанда ҳәзирги ўақытта миллий ғәрезсизлик идеологиясы талапларынан келип шығып, баспасөзимиз тарийхы ҳәм журналистикамыз алдында изертлениўи лазым болған төмендеги ўазыйпалар турыпты деп ойлаймыз.

Бириншиден, ҳәзирги заман талабына жуўап беретуғын жоқары дәрежели билимге ийе журналистлер таярлаў ушын жасларымыз ең әўели өтмишимизди, баспа сөзимиз, журналистикамыз тарийхын билиўи зәрүр. Соның ушын XX әсир басларынан ғәрезсизлик жылларына шекемги «Қарақалпақстан журналистикасы тарийхы», «Қарақалпақстан баспасөзи тарийхы» атамасындағы сабақлық яки оқыў қолланбаларын таярланыўы керек.

Екиншиден, 1920-1930-жылларға шекемги аралық ишинде баспа сөзимизде жемисли мийнет еткен журналист ағаларымыз ҳәм апаларымыздың мийнетлерин өз алдына китап қылып шығарыў ҳәм оны жәмийетлишигимизге усыныў керек. Себеби, олар сол дәўирдиң тил лексикасын, баспасөз тилин, баспасөз методикасын жақсы меңгерген. Бул нәрсе сол дәўир әдебий тилимиз тарийхын ҳәр тәреплеме билип алыўымызға, журналистлик таллаў жасаўымызға әмелий жәрдем көрсеткен болар еди.

Үшиншиден, 1920-1930-жыллары журналистика тарийхы бойынша жаңа архив ҳүжжетлерин илимий айланысқа түсириў заманагөй мәселелерге киреди. Себеби, сол дәўирдеги газета редакциялары аўыл хабаршыларының, қәлем тербеткен журналистлер ҳаққында, олардың өмир жолы бойынша мағлыўматлар топлап, олар ҳаққында баспа сөзимизде мақалалар жәриялаў лазым. Және де, бизге белгили Т.Пайзуллаева, М.Ниязова, Г.Матёқубовалардың 1986-жылы Ташкентте баспадан шығарған «Қорақалпоғистон АССР матбуоти»(1917-1975йй) библиографиялық көрсеткиш деген баспа сөзимизге байланыслы жалғыз библиографиялық

китап бар. Және бир мәселе соннан ибарат Қарақалпақ баспа сөзиниң ғәрезсизлик жылларындағы, ғәрезсизлигимизден бурынғы жылларда жарық көрген газета-журналларымыз бойынша кең көлемде библиографиялық көрсеткиш ислеп шығыў тийис деп ойлаймыз.

Қарақалпақстан баспа сөзи қәлиплесиў басқышларында (1920-1930жж.) биз төмендегилерди анықладық:

1) Қарақалпақстан миллий баспасөзи 1924-жылдан басланады. Бул «Еркин Қарақалпақ» газетасы менен байланыслы. Газета 1924-жылдың ақырынан араб графикасында шығарыла баслаған.

Биз газетаның бүгинги күнге шекемги атамаларының өзгериў тәртибин төмендегише белигиледик:

«Еркин Қарақалпақ» (1924-1930жж.), «Мийнеткеш Қарақалпақ» (1930-1931жж.), «Қызыл Қарақалпақстан» (1931-1957жж.), «Совет Қарақалпақстаны» (1957-1992жж.), «Еркин Қарақалпақстан» (1992-жылдан бүгинги күнге шекем).

Және, биз газетаның 1924-жылдан 1935-жылға шекемги газета санының, тиражының, хабаршылар санының өсиў басқышларын анықладық.

а) Газета санының өсиўи

| | | |
|---|---|---|
| 1924-1925жж. | 1928-1932жж. | 1932-1935жж. |
| 41 сан | 287 сан | 624 сан |

б) Газета тиражының өсиўи

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1931-жыл, | 1932-жыл, | 1933-жыл, | 1934-жыл, | 1935-жыл |
| 3000, | 4500, | 5800, | 7000, | 11000. |

в) Газетадағы хабаршылар санының өсиўи.

| | | |
|---|---|---|
| 1924-1925жж. | 1928-1932жж. | 1932-1935жж. |
| 5 | 126 | 406 |

2) Қарақалпақстанда ең дәслепки газета рус тилинде 1919-жылы шығарылды. Бул Әмиўдәрья Орайлық Атқарыў комитетиниң органы болған — «Известия» газетасы есапланады.

Газетаның атамаларының өзгериўи тәртиби төмендегише орын алған:

- «Известия Амударьинского Исполнительного Комитета» (1919-1921гг)
- «Красный амударьинец» (1921-1922гг)
- «Амударьинская жизнь» (1922-1931гг.)
- «Советская Каракалпакия» (1931-1992)
- «Вести Каракалпакстана» (1992- жылдан бүгинги күнге шекем)

3) Дәўир талабына сай жаслар ҳәм балалар ушын газета шығарыў қолға алынды. 1931-жылы «Жас Ленинши», 1932-жылы «Жеткиншек» газеталары жарық көрди.

4) Дәўир талабына сай районлық газеталар пайда болды. 1932-жылы Мойнақ районының «Қызыл Балықшы», 1934-жылы Маңғыт районының «Сталинши», 1934-жылы Қыпшақ районының «Социализм жолы», 1932-жылы Шымбай районының «Ылғаллы» газеталары жарық көре баслады.

5) Газетаның материалларының тематикалық бағдарын үйрениў барысында төмендегилерди анықладық:

а) Суў менен тәмийинлениў мәселеси. Бул бойынша газетада очерк, фельетон, есап жанрларында мақалалар жәрияланған.

б) Билимлендириў системасындағы мәселе. Бул бойынша, яғный, оқытыў системасындағы муғаллимлер ҳаққында, ликбез ашыўдағы машқалалар ҳаққында көплеп сын мақалалар берилген.

в) Мақала авторлары өзлериниң исимлерин жасырын түрде қоян, өткир, сезгиш, толқын ҳәм басқа да әдебий лақаплар менен ҳәр қыйлы сын мақалалар жәриялаған. Келешекте бул әдебий лақап артында кимлер қәлем тербеткенлигин изертлеп, анықлық киргизиў зәрүр.

д) Тилдиң тазалығы мәселесинде бир қатар сын мақалалар М.Әлмуқан авторлығында бериледи. Бизиң пикиримизше бул әдебий лақап артында газета хызметкерлери турса керек. Буны келешекте анықлаў керек.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР :


1. Каримов И. А. «Юксак маънавият - енгилмас куч», Т., «Маънавият», 2008
2. Каримов И. А. Баркомол авлод- Узбекистон тараққиетининг пойдевори. Тошкент, 1997.
3. Каримов И.А. Узбекистон XXI аср бўсағасида. Хавфсизликга таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараккиёт кафолатлари. Тошкент,1999
4. Каримов И.К. Жамиятимиз мафкураси халқни халқ, миллатни миллат қилишга хизмат эт-син. «Тафаккур» журнали бош муҳаррирининг саволларига жавоби. //«Тафаккур»,1998, №4
5. Каримов И.А., «Халқимиз жипслиги, тинчлик ва тараккиет гарови» Т-«Ўзбекистон» 1998.
6. Каримов И.А. «Жаңаша ойлаў — дәўир талабы», Н: «Қарақалпақстан», 1997-ж.
7. Каримов И.А. «Ҳозирги босқишда демократик ислоҳотларни шуқурлаштиришнинг муҳим вазифалари» Тошкент «Ўзбекистон» -1996
8. Каримов.И.А. «Мәмлекетимизде модернизациялаў ҳәм күшли пуқаралық жәмийетти қурыў- баслы мақсетимиздур» «Ҳуқық ва бурч» журнали, №1(49) 2010. 2-10 бетлер.
9. «Ғалаба хабар қураллары ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамы. Т., 1997-жыл 26-декабрь
10. «Журналистлиң кәсиплик жумысын қорғаў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамы. Т., 1997 жыл 24-апрель
11. Байниязов Қ. «Таң жулдызлары әжайып адамлардың өмири». Н: «Қарақалпақстан», 1989 ж.
12. Байниязов Қ. «Аллаяр Досназаров» (Илимий-биографиялық очерк). Н:

«Қарақалпақстан», 1991 ж.

13. Бегжанов Қ, Қурбанбаев И, Аббазов С. «Әлипбеден басладық». Н: «Қарақалпақстан», 1988 ж.

14. Досымбетов К, Юсупов О. «Қарақалпақстан баспа сөзи пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан». Н: «Қарақалпақстан», 1991 ж.

15. Досумов Я.М. «Очерк иситорий Каракалпакской АССР» (1917-1927гг), Т: 1960 г.

16. «Қарақалпақстан Жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем». Н: «Қарақалпақстан», 2003 ж.

17. «Қорақалпоғистон АССР матбуоти» (1917-1975йй.) биб. көрсеткиш. Ташкент, 1986 й.

18. Муўсаев А. «Шығармалары». Н: «Қарақалпақстан», 1981ж.

19. Нурмухаммедов М.К. «Шығармалары II том» Н: «Қарақалпақстан», 1985ж.

20. Пидаев Т. «Ўзбекистон матбуотининг ўтмиши ва келачаги». «Ўзбекистон матбуоти» журн. 1996й. №2.

21. Розенштейн Л. «К вопросу образования Каракалпакской ААР». Н: «Каракалпакстан», 1957 г.

22. Семенов И.А. «О зарождении Кара-калпакской Советской печти». «Вестник ККфил. АН.Уз. ССР», 1971, №4.

23. Суинов У. «Первая из газет Амударьинской области». «Вестник КК фил. АнУз. ССР» 1963г, №3.

24. Суинов У. «Периодическая печать Каракалпакской автономной области», «Вестник КК фил. АНУз. ССР», 1962г, №3.

25. Эрназаров Т, Акбаров А. «История печати Ўзбекистана» (1925-1952гг.), Т. Ўқитувчи», 1977г.